

Lekòl Piblik nan Cambridge
159 Thorndike Street, Cambridge, Massachusetts 02141

Lekòl Piblik nan Cambridge

Liv sou Dwa ak Responsablite yo

|

TAB MATYE YO

| Seksyon | Nimewo Paj |
|--|-------------------|
| 1.0 Prensip | 1 |
| 2.0 Prezans | 2 |
| 3.0 Fouye moun | 6 |
| 4.0 Vestyè Elèv yo..... | 9 |
| 5.0 Libète moun..... | 9 |
| 6.0 Libète espresyon..... | 11 |
| 7.0 Libète pou reyini | 13 |
| 8.0 Kouman pou itilize lokal lekòl la yo | 13 |
| 9.0 Kòd sou kouman pou abiye..... | 13 |
| 10.0 Libète nan relijyon..... | 14 |
| 11.0 Maryaj ak gwosès elèv | 14 |
| 12.0 Gouvènman elèv | 14 |
| 13.0 Prensip ak Pwosedè pou Disiplin | 15 |
| 14.0 Sispansyon | 16 |
| 15.0 Sispansyon nan Kadrijans | 24 |
| 16.0 Konferans sou Sispansyon | 25 |
| 17.0 Apèl pou Sispansyon..... | 26 |
| 18.0 Pwosedè pou Disiplin nan Edikasyon Espesyal | 28 |
| 19.0 Prensip espilasyon – Zam, Dwòg ak Batay | 32 |
| 20.0 Kondwit deyò lekòl la | 40 |
| 21.0 Espilasyon | 42 |
| 22.0 Esklizyon..... | 43 |
| 23.0 Dwa pou mande yon odyans pou retabli dwa yo pat bay | 44 |
| 24.0 Liv ki bay elèv espikasyon..... | 46 |
| Apandis A | 47 |

DWA AK RESPONSABLITE

Ki kontwole konpòtman elèv nan
Lekòl Piblik nan Cambridge

1.0 PRENSIP

- 1.1 Komite Lekòl la dwe etabli ak pibliye lalwa ki kontwole konpòtman elèv ki sou kontwòl li yo alekri.
- 1.2 Dapre jan yo itilize mo sa yo nan prensip ak règleman sa yo, yo dwe gen siyifikasyon sa yo:
 - a. “Elèv” vle di nenpòt moun ki gen laj pou al lekòl epi ki enskri nan yon lekòl piblik ki sou kontwòl Komite Lekòl Cambridge yo.
 - b. “Paran/Moun ki responsab elèv la” vle di manman/papa oswa moun ki responsab nenpòt elèv jiskaske yon elèv ki gen 18 an oswa pi plis, epi elèv la mande alekri pou paran an oswa moun ki responsab la pa gen nenpòt oswa tout dwa ki genyen yo ak dispozisyon yo pran nan prensip ak règleman sa yo nan men yo ankò
- 1.3 Chak moun dwe gen dwa pou yo ale nan lekòl piblik nan Cambridge toudepann de prensip ak règleman ekri Komite Lekòl la genyen an.
- 1.4 Pa gen okenn fonksyonè oswa anplwaye oswa manm Komite Lekòl ki dwe pran okenn aksyon disiplinè kont okenn elèv, eksepte dapre estanda ak pwosedi ki ekri yo epi ki nan prensip ak règleman Komite Lekòl la. Kopi prensip ak règleman sa yo dwe disponib pou chak elèv san li pa koute yo anyen lè yo adopte prensip yo epi nan kòmansman chak ane lekòl ki vini apre sa. Kopi yo dwe disponib pou paran/moun ki responsab tout elèv yo epi pou manm nan kominote a ki enterese ladan yo.
- 1.5 Kopi prensip ak règleman sa yo dwe disponib san yo pa koute anyen pou chak elèv, lè prensip sa yo adopte epi nan kòmansman chak ane lekòl ki vini apre sa. Kopi yo ap disponib pou paran/moun ki responsab tout elèv yo ak pou moun nan kominote a ki enterese ladan yo.
- 1.6 Anvan yo finalman adopte ak pibliye prensip ak règleman sa yo oswa anvan yo fè modifikasyon ladan yo, Komite Lekòl la va fè yon odyans piblik. Omwen yon semenn anvan odyans lan, Komite Lekòl la dwe bay kopi prensip yo pwopoze yo si gen moun ki mande sa anvan yo finalman adopte ak pibliye tout prensip ak règleman yo oswa anvan yo fè modifikasyon ladan yo. Omwen yon semenn anvan odyans lan, Komite Lekòl la dwe bay elèv yo epi paran/moun ki responsab elèv yo kopi prensip ak règleman yo pwopoze yo ansanm ak avi ki fè konnen a ki

lè epi ki kote odyans lan ap fèt. Komite Lekòl la dwe pibliye avi ki fè konnen gen odyans lan nan jounal ki sikile anjeneral nan vil la. Komite Lekòl la dwe konsidere, men li pa oblije fè sa, kòmantè ki fèt pandan odyans lan ap fèt yo anvan yo finalman adopte prensip yo. Pou yo finalman adopte tout prensip yo, yo fèt pou gen yon majorite nan vòt yo.

- 1.7 Pa gen okenn prensip, règleman oswa modifikasyon ki pral vin ofisyèl toutotan Komite Lekòl la pa adopte yo, pibliye yo, oswa fè yo sikile nan kominote lekòl la.
- 1.8 Prensip ak règleman yo etabli nan Kòd sa a dwe aplike sèlman pou konpòtman tout elèv ki ale nan lekòl piblik ki sou kontwòl Komite Lekòl la.
- 1.9 Prensip Lekòl Piblik nan Cambridge yo se pou yo fè efò pou bay yon anviwonman ki an sekirite kote elèv yo ka aprann ak patisipe nan tout program Lekòl Piblik nan Cambridge yo ofri oswa sipòte finansyèman. Se responsablite pèsonèl la pou yo bay sekirite pou elèv yo, anplwaye yo ak moun ki vin vizite lekòl la yo ak/oswa patisipe nan aktivite lekòl la sipòte finansyèman yo. Si yon anplwaye Depatman Lekòl la fè fas ak yon sitiyasyon li konsidere ki pa an sekirite pou nenpòt ki rezon, li dwe pran tout prekosyon rezonab li kapab pran pou li elimine posiblite ki genyen pou sa koze danje pou lòt moun epi apre sa li dwe rapòte sikonstans ki te prezante yo bay Direktè lekòl la. Sipèyentandan an oswa yo moun/gwoup moun li chwazi a ka detanzantan pibliye “pwosedi administratif” pou mete objektif politik sa a ann aplikasyon.

2.0 PREZANS

- 2.1 Prezans regilye epi chak jou enpòtan anpil pou aprantisaj, pou amelyorasyon reyisit tout elèv, pou kenbe yon klima respè nan lekòl la epi pou pèmèt yon elèv reyisi byen lekòl. Règleman prezans pou elèv yo la pou ankouraje prezans konstan nan lekòl ak nan klas chak jou. Esperans la sèke tout elèv yo ap genyen, yon mimimòm de 95% prezans lekòl epi nan chak klas chak jounen lekòl. Yon elèv ki fè lekòl bwisonyè, ki absan tout tan oubyen anreta souvan lekòl san rezon valab an vyolasyon ak règleman sa.
 - a. Paran/moun ki reskonsab la dwe telefone lekòl la pou fè konnen ke yon elèv ap absan pa pita ke maten absans la.
 - b. Si yo pat rele, jou elèv la retounen lekòl la, paran/moun ki responsab oubyen doktè elèv la dwe voye yon nòt pou eksplike absans la. Sepandan, yo pa dwe retounen okenn elèv lakay pou ale chèche yon nòt ekri nan men paran/moun ki reskonsab la pou eksplike absans la pandan lekòl ap fèt.
 - c. Nan ka maladi kwonik oubyen absans iregilye akòz maladi, direktè lekòl la ka mande yon lèt doktè pou sètifye ke absans yo jistifye.

- d. Si yo prevwa yon absans pwolonje, paran/moun ki reskonsab yo dwe pran kontak ak direktè a pou fè aranjman pou elèv la ranpli obligasyon akademik yo.
- e. Yap voye nan Biwo Sekirite yon elèv kap fè lekòl bwisonyè, ki tout tan absan oubyen anreta. Direktè Sekirite a, apre konsiltasyon ak direktè apwopriye a, ap revize chak ka epi pran aksyon korektif ki ka konprann ranvwa nan tribinal Middlesex County si yo jije ke elèv la bezwen sèvis an plis sou sipèvizyon tribinal la.

Absans yo eskize yo konprann:

- a. absans ki gen rapò ak twomatism pèsonèl, dèy, lanmò nan fanmi an;
- b. obsèvasyon jounèt relijye;
- c. randevou ka doktè ke yo pat kapab pran nan lè pa gen lekòl oubyen vizit pou èd sikolojik
- d. zafè legal ki egzije prezans pèsonèl;
- e. sispanasyon nan ou andeyò lekòl ;
- f. pwomnad ki gen rapò ak lekòl, rasanbleman oubyen reyinyon;
- g. vizit nan inivèsite (2 jou pandan avan dènye ane a epi 3 jou pandan dènye ane a): oubyen
- h. yon pwomnad oswa esperyans edikatif ki dire pa plis pase (5) jou pandan karyè yon elèv nan *high school* (lekòl segondè).

Absans ke yo pa eskize yo konprann:

- a. Pa ale lekòl oswa nan kèk klas an patikilye oubyen nan saldetid yo;
- b. Pwomnad Direktè a pat apwouve davans;
- c. Chèche travay san elèv la pa gen apwobasyon Direktè a davans;

- d. Rete lakay pou evite yon egzamen yap bay sou yon matyè oswa pou etidye pou yon egzamen ;
- e. Kite lokal lekòl la pandan jounen lekòl la san ou pa siyen nan biwo Direktè lekòl la pou fè konnen ou prale;
- f. Dòmi twompe oubyen sinon rive anreta lekòl (yap konsidere tankou yon absans san motif 3 reta san motif)
- g. Rete nan pwopriyete lekòl la oswa toupre pwopriyete lekòl la, men pa ale nan klas pou ou ale yo ; oswa
- h. Kenpòt lòt absans ke yo pa motive oubyen nenpòt absans ekskizab ke paran/moun ki responsab elèv la pa rapòte pa telefòn, pa yon nòt ekri oubyen yon nòt doktè lè elèv la ap retounen lekòl.

Lè yon elèv lekòl, li sou siveyans tout pwofesè ak tout otorite lekòl la epi li dwe mande pèmisyon nan biwo direktè a pou l ka kite bonè. Kenpòt elèv ki pa siyen pou kite lekòl la nan biwo direktè a avan li ale pap resevwa eskiz epi li pap genyen pwen pou tout aktivite nan klas oubyen devwa ke li pèdi. Chak pwofesè dwe kenbe yon dosye absans ak reta elèv yo. Yo dwe make reta pou elèv ki rantrè nan klas apre lè pou klas la ta kòmanse. Yap fè paran/moun ki responsab yo konnen tout absans ak reta elèv yo. Lè yon elèv anreta 5 fwa oubyen manke lekòl 5 jou oubyen 10 demi jounen nan sis (6) mwa ki pase yo san yo pap prezante okenn motif valab pou absans oubyen reta yo, se devwa pa direktè lekòl kote elèv la enskri a pou rapòte dosye prezans elèv sa bay Enspektè Lekòl la.

Kenpòt Elèv ki genyen absans motive nan lekòl oubyen klas genyen posiblite pou ratrape devwa yo te bay yo selon règleman lekòl la.

Paran/moun ki responsab elèv ki absan legalman pou plis ke 5 jou dwe enfòmè lekòl la pou yo pou ka fè aranjman pou ofri devwa lakay. Paran/moun ki responsab kenpòt elèv kap genyen yon absans pwolonje (2 semèn ou plis) akòz maladi oubyen blesi dwe fè lekòl la konnen pou yo ka fè aranjman nesèsè pou enseyman a domisil.

Yo dwe pran aksyon disiplinè kont absans oubyen reta san eksplikasyon satisfèzan. Yo ankouraje ofisyèl lekòl yo pou pran tout aksyon disiplinè avan yo bay sispansyon nan efò pou ede yon elèv ki genyen pwoblèm absanteyism, reta, kite klas, tankou ranvwa nan tribinal nan ka timoun ki pran abitud pa ale lekòl e ki bezwen sèvis ak/oubyen ranvoi pou evaliyasyon nan ka yon elèv ki bezwen edikasyon espesyal. Yo pap bay elèv ki manke devwa lekòl yo, akòz de lekòl bwisyonè, reta oubyen pa ale nan klas, nòt ; amwens ke yo ratrape travay sa yo tankou pwofesè a mande epi pwofesè yo dwe bay elèv sa yo ase tan lè yo retounen nan klas pou ratrape devwa ke yo te bay fè lakay yo. Okenn efè negatif, prejidisyèl oubyen diskriminatwa pa dwe afekte yon elèv ki manke lekòl pou l ka obsève yon fèt relijye. Pwofesè yo dwe, jiska nan limit posib, evite pwograme tès enpòtan, aktivite final, papye/rapò enpòtan pandan fèt relijye yo.

Cambridge Rindge, Latin School ak Pwogram Ekstansyon High School yo ap trete 4 absans nan kenpòt klas tankou yon vyolasyon prensip prezans (AVF) pou trimès la. Apre katrièm nan jan de absans sa yo lekòl la ap fè paran/reskonsab la konn sa. Paran/moun ki reskonsab la ka chèche yon leve medikal pou tout kondisyon kwonik, maladi ki retounen oubyen pou tout maladi ki depase 4 jou. Paran/moun ki reskonsab ap genyen dwa pou fè apèl pou kenpòt AVF devan Komite Revizyon Sou Apèl lekòl Cambridge Rindge ak Latin School oubyen Pwogram Ekstansyon High School la nan mwens ke 10 jou yo bay AVF la epi si yo rejte apèl la paran/moun ki reskonsab la ka nan mwens ke 10 jou rejte a soumèt yon apèl ekri devan Enspektè Lekòl yo pou revizyon. Desizyon Enspektè lekòl yo final.

3.0 FOUYE MOUN

Dapre Katriyèm Amanman ki gen nan Konstitisyon Etazini an, elèv pwoteje kont fouy ak pozesezi ki pa rezonab, dirijan ak pwofesè lekòl piblik yo fè. Menmsi elèv la an tout lejitimite atann li pou zafè li rete an sekre, yo va konsidere yon fouy valab, si depi nan kòmansman, gen yon sispisyon rezonab ki fè konnen, fouy la va pèmèt yo jwenn prèv ki fè konnen yo vyole prensip lekòl la oswa lalwa, epi limit fouy la te rezonab.

3.1 **Nan nivo klas K-8:** Direktè lekòl la, Asistan Direktè a, oswa moun/gwoup moun Direktè a chwazi a, dwe bay otorizasyon, pou sekirite lekòl la oswa anplwaye ki pa baze nan lekòl la fouye elèv yo ak poze yo kesyon.

Nan nivo klas 9yèm-12yèm: Direktè lekòl la, Asistan Direktè a, Dwayen oswa moun/gwoup moun Direktè lekòl la chwazi a, dwe bay otorizasyon pou sekirite lekòl la fouye elèv yo.

3.2 **Nan tout klas (K-12):** Direktè lekòl la, Asistan Direktè a, Dwayen oswa moun/gwoup moun Direktè lekòl la chwazi a, depi li rezonab ak posib, ka mande kiyès nan anplwaye ki fè travay sekirite yo ka voye nan lekòl la ak/oswa nan ti kominote edikatif yo.

3.3 **Nan nivo klas K-8:** Direktè lekòl la, Asistan Direktè a, oswa moun/gwoup moun Direktè a chwazi a, dwe prezan pandan tout tan sekirite lekòl la, oswa anplwaye ki pa baze nan lekòl la, ap fouye ak poze elèv yo kesyon an.

Nan nivo klas 9yèm-12yèm: Direktè lekòl la, Asistan Direktè a, Dwayen oswa moun/gwoup moun Direktè a chwazi a, dwe prezan pandan tout tan sekirite lekòl la oswa anplwaye ki pa baze nan lekòl la ap fouye elèv yo.

3.4 **Nan nivo klas K-8:** yon moun ki menm sèks ak elèv la, lè li rezonab ak posib, dwe prezan pou sekirite lekòl la ka poze elèv yo kesyon. Yon moun ki gen menm sèks ak elèv la dwe fè fouy la chak fwa sekirite lekòl la ap fouye elèv yo.

Nan nivo klas 9-12: yon moun ki gen menm sèks ak elèv la dwe fè fouy la chak fwa sekirite lekòl la ap fouye elèv yo.

- 3.5 **Nan nivo klas K-8:** Direktè lekòl la, Asistans Direktè a, oswa yon moun/gwoup moun Direktè a chwazi a dwe mete paran/moun ki responsab elèv la okouran anvan sekirite lekòl la fouye yon elèv. Si yo pa gen siksè pou mete paran/moun ki responsab elèv la okouran davans, yo va mete paran/moun ki responsab elèv la okouran fouy la touswit posib apre fouy la fin fèt, epi yo va voye yon lèt bay paran/moun ki responsab elèv la menm jou a.

“Kontak nan kadijans” se yon moun paran/moun ki responsab elèv la chwazi pou reponn nan sikonstans ki gen rapò ak kesyon sou disiplin, menm pou poze kesyon oswa pou fouye. Chak ane lekòl, yo va mande paran/moun ki responsab elèv yo pou yo chwazi yon moun pou kontakte nan kadijans pou kesyon ki gen rapò ak disiplin, menm pou poze elèv yo kesyon oswa pou fouye elèv yo, epi kontak sa a dwe aji tankou paran oswa moun ki responsab elèv la, konsènan kesyon ki gen rapò ak disiplin, menm pou poze elèv la kesyon oswa pou fouye elèv la, jis nan limit paran oswa moun ki responsab la otorize a.

Nan nivo klas 9yèm-12yèm: Direktè lekòl la, Asistan Direktè a, Dwayen oswa moun/gwoup Direktè lekòl la chwazi a dwe mete paran/moun ki responsab elèv la okouran touswit apre sekirite lekòl la fin fouye elèv la. Anplis, yap voye yon lèt menm jou a.

- 3.6 **Nan nivo klas K-8:** Direktè lekòl la, Asistans Direktè a, oswa yon moun/gwoup moun Direktè a chwazi dwe mete paran/moun ki responsab elèv la oswa moun ki kontak nan kadijans lan okouran anvan sekirite lekòl la poze yon elèv kesyon. Si yo pa gen siksè pou mete paran/moun ki responsab elèv la okouran davans, yo va mete paran/moun ki responsab elèv la okouran fouy la touswit posib apre fouy la fin fèt, epi yo va voye yon lèt bay paran/moun ki responsab elèv la menm jou a.

Nan nivo klas 9yèm-12yèm: li pa egzijib pou yo mete paran/moun ki responsab elèv la okouran lè anplwaye sekirite lekòl la ap poze yon elèv kesyon.

- 3.7 **Nan nivo klas K-12:** Yap itilize *Liv Dwa ak Responsablite* a ak/oswa liv elèv lekòl elemantè a oswa liv elèv CRLS la pou mete elèv yo okouran dwa sa yo ak responsablite sa yo elèv yo genyen yo lè yap poze yo kesyon oswa lè yap fouye yo:

- a. Yo ka poze nenpòt elèv kesyon ki gen rapò ak kesyon akademik oswa kesyon sou disiplin oswa lòt kesyon ki gen rapò ak lekòl la nenpòt ki lè si Direktè lekòl la, Dwayen Pwogram lekòl la ak Pwogram yo, Dwayen Elèv yo, oswa moun/gwoup moun Direktè lekòl la chwazi a pase lòd pou yo fè sa.

- b. Yo ka fouye elèv yo si Direktè lekòl la, Dwayen Pwogram Lekòl la ak Pwogram yo, Dwayen Elèv yo, oswa moun/gwoup moun, pase lòd pou foye elèv la lè elèv la dakò pou yo fouye li a, oswa lè gen yon sispisyon rezonab ki fè konnen si yo fouye a, yo va jwenn prèv ki fè konnen yo te vyole yon prensip lekòl la oswa lalwa.
 - c. Lè manm Depatman Pwoteksyon ak Sekirite yo patisipe nan poze kesyon oswa nan fouye nenpòt elèv ki nan klas K-8, elèv la, eksepte nan kadijans, va gen yon moun ki majè ki nan lekòl elèv la epi ki menm sèks ak elèv la, epi ki yon reprezantan administrasyon lekòl la ki prezan pandan yap fouye elèv la, ak pandan yap poze elèv la kesyon yo. Elèv nan Cambridge Rindge ak Latin School, eksepte nan kadijans, va gen yon moun ki majè ki nan lekòl la, ki gen menm sèks ak elèv la epi yon reprezantan administrasyon lekòl la ki prezan pandan yon manm Depatman Pwoteksyon ak Sekirite ap fouye elèv la.
- 3.8 Men kijan yo defini mo “poze kesyon” an ak mo “fouye” a, lè yo itilize yo nan Seksyon 3.0 nan *Liv Dwa ak Responsablite* a, ak nan liv elèv lekòl elemantè ak liv elèv CRLS yo:
- “Poze kesyon: se yon ankèt fòmèl yo fè sou yon elèv konsènan kesyon akademik, disiplin, oswa nenpòt kesyon ki gen rapò ak lekòl.
- “Fouy” se lè yo fouye fizikman pwopriyete yon elèv, oswa tout kò elèv la menm, ansanm ak sakamen, valiz oswa pòch elèv la. Yon fouy ka vle di tou tape tout kò yon elèv lejèman.
- 3.9 Apre sekirite lekòl la fin fouye nenpòt elèv, yo dwe avize Sipèyentandan an ak Prezidan Direktè Jeneral la, touswit li rezonab ak posib pou fè sa . Anplis, chak mwa Komite Lekòl la dwe resevwa yon rapò ki bay yon rezime sou sak pase lè anlwaye sekirite yo fouye elèv yo, anplis rapò yo bay pou kounye a.
- 3.10 Lè yo pale de yon “investigasyon endepandan”, yo vle pale de yon investigasyon ki fèt sou yon menas grav, sou pwoteksyon elèv yo, pwofesè yo ak/oswa anlwaye yo, epi se yon investigasyon kap kontinye fèt epi se pa tou senpman rezilta yon ensidan izole. Nan investigasyon sa a, dwe genyen yon lekòl oswa plis, oswa yon lekòl CRLS oswa plis nan Distrik la. Sipèyentandan an oswa Prezidan Direktè Jeneral la dwe bay otorizasyon pou tout “investigasyon endepandan,” ki gen plis pase yon lekòl nan Distrik la ladan. Lè yon investigasyon endepandan gen plis pase yon sèl ti lekòl nan lekòl segondè a ladan sèlman, se sèl Direktè lekòl la ki dwe apwouve yon investigasyon endepandan.

4.0 AMWA KI NAN VESTYÈ ELÈV YO

- 4.1 Yo pa ka fouye amwa ki nan vestyè yon elèv amwenke gen yon sispisyon rezonab ki fè kwè amwa ki nan vestyè a ka gen prèv yo vyole yon prensip oswa règleman lekòl la, oswa amwenke gen yon danje ki klè epi ki prezan ki fè konnen gen yon danje fizik ki prèske rive nan bilding lekòl la, oswa moun ki nan bilding lekòl la yo. Se Direktè lekòl la oswa yon moun/gwoup moun li chwazi a ki dwe fè fouy la. Piske amwa ki nan vestyè yo se pwopriyete depatman lekòl la, depatman lekòl la toujou gen dwa pou li fouye amwa ki nan vestyè yo.
- 4.2 Yo dwe retire tout atik yo sispèk ki kontrebann nan amwa ki nan vestyè elèv la amwenke si yo retire yo sa prezante yon danje klè ak prezan pou lòt yo. Si sa ta rive, yo va fèmen vestyè a epi yo va mete Direktè lekòl la okouran imedyatman. Yap mete pwosedè yo site nan Plan pou Pwoteksyon ak Sekirite Bilding nan ann aplikasyon pou yo ka retire atik kontrebann. Yap jete nenpòt atik pèsònèl oswa materyèl ki rete nan amwa ki nan vestyè a nan fen ane lekòl la. Depatman Lekòl Cambridge la pa responsab pou pwopriyete ki rete nan vestyè lekòl la apre dènye jou lekòl la epi ki pèdi.
- 4.3 Yap kenbe kle paspatou ak kopi tout konbinezon pou amwa ki nan vestyè elèv yo nan biwo Direktè lekòl la. Yo fèt pou itilize kadna depatman lekòl la bay yo sèlman. Yap retire nenpòt lòt kadna sou kont elèv la.
- 4.4 Elèv yo pap mete zam, dwòg ilegal oswa lòt ekipman ki gen rapò ak dwòg, bwason ki gen alkòl ladan yo, atik yo vòlè ak okenn lòt kontrabann oswa atik ki pa gen itilite rezonab pou elèv la pandan li nan lekòl la, nan amwa yo genyen nan vestyè a.
- 4.5 Dispozisyon yo pran nan seksyon 4.1 jiska seksyon 4.4 ki anwo a aplike pou biwo yon elèv tou. Lekòl la gen dwa pou li fè enspeksyon nan amwa ki nan vestyè elèv yo oswa nan biwo elèv yo detanzantan, pou wè si elèv yo konfòme yo a prensip sa yo. Lekòl la va fè enspeksyon ki anonse oswa enspeksyon ki pa anonse nan biwo ak nan amwa ki nan vestyè elèv yo, pou li ka asire elèv yo konfòme yo a prensip yo. Depatman Lekòl la gen dwa pou li fouye amwa ki nan vestyè elèv yo ak biwo elèv yo.

5.0 LIBÈTE MOUN

- 5.1 Elèv yo dwe gen dwa pou yo an sekirite pandan yo nan bilding lekòl la, oswa sou pwopriyete lekòl la oswa pandan yo prale oswa yap soti nan lekòl la, epi pandan tout tan lè yo nan yon seremoni lekòl la otorize.
- 5.2 Pa gen okenn elèv, pwofesè oswa dirijan lekòl la ki dwe itilize fòs fizik nan okenn fason pou koze oswa pou eseye koze domaj fizik entansyonèl sou yon elèv, pwofesè oswa yon dirijan lekòl la. Men, yon pwofesè oswa yon dirijan lekòl la ka itilize fòs fizik si fòs fizik la rezonab epi li nesèsè:
 - a. Pou pran posesyon yon zam oswa lòt bagay ki gen danje ladan; oswa

- b. Pou rezon lejitim defans; oswa
 - c. Pou pwoteksyon yon lòt moun oswa pwopriyete.
- 5.3 Pa gen okenn pwofesè oswa dirijan lekòl ki dwe itilize fòs fizik nan okenn fason pou disipline elèv oswa pou bay elèv pinisyon. Yo patikilyèman entèdi pinisyon kòporèl sou kèlkeswa fòm nan.
- 5.4 Pa gen okenn elèv, pwofesè, dirijan lekòl, oswa anplwaye lekòl ki dwe entimide, menase oswa anmède nan okenn fason yon elèv, pwofesè oswa dirijan lekòl la, epi moun sa a pa dwe denigre ni abize yon elèv an piblik pou li eseye imilye yon elèv.
- 5.5 Kòd pou konpòtman, Prensip Lekòl Piblik nan Cambridge genyen pou Anmèdman Pèsonèl

Si yon viktim pote nenpòt rapò konsa sou yon swadizan anmèdman, epi rapò a baze sou zòn ki pwoteje dapre Tit VI nan Atik ki te pase an 1964, sou Dwa nan Sèvis Sivil (ras, sèks, etnisite, relijyon, enfimite, orijin nasyonal, oryantasyon seksyèl) ak dapre Lalwa Jeneral nan Massachusetts, Ch. 265, Seksyon 43A, yo dwe refere li a Biwo Aksyon Pozitif la konfòmman ak dispozisyon yo pran nan Prensip ak pwosedi kont Anmèdman ak Anmèdman Seksyèl yo.

5.6 Definisyon Anmèdman

“Anmèdman” vle di konpòtman ki pa apresye, kit se vèbal kit se fizik, epi ki baze sou yon karakteristik lalwa pwoteje. Nan anmèdman gen tout bagay sa yo, men limit lan pa rete nan yomenm sèlman:

- a. Etale oswa sikile materyèl ekri oswa foto ki degradan bay yon moun oswa gwoup.
- b. Abi vèbal oswa ensilt sou, ki dirije vè, oswa ki fèt an prezans yon moun oswa gwoup.

5.7 Definisyon Anmèdman Seksyèl

“Anmèdman seksyèl” vle di avans seksyèl ki pa apresye, demann pou favè seksyèl, ak konpòtman vèbal oswa fizik ki gen nati seksyèl lè:

a. Yo fè moun lan konnen dirèkteman oswa endirèkteman tèm oswa kondisyon travay, pozisyon akademik, opòtinite ki gen rapò ak lekòl oswa pou travay moun lan baze sou si moun lan aksepte oswa refize avans, demann oswa konpòtman sa a.

b. Objektif oswa efè avans, demann oswa konpòtman sa yo se pou yo

entèfere san rezon nan pèfòmans akademik yon moun oswa nan pèfòmans nan travay yon moun paske yo kreye yon anviwonman travay ki entimidan, ostil, imilyan oswa seksyèlman ofansif.

- 5.8 Dapre definisyon ki site anwo a, demann dirèk oswa endirèk yon pwofesè, sipèvizè oswa yon lòt moun nan yon pozisyon travay oswa yon dirijan lekòl fè, pou favè seksyèl ann echanj pou travay reyèl, oswa pou yon pwomès travay oswa pou benefis lekòl, tankou revizyon ki favorab, ogamantasyon salè, pwomosyon, ogmantasyon benefis, pou travay ka kontinye, pou pi bon nòt, rekòmandasyon oswa lòt avantaj, tout vle di anmèdman seksyèl.

Definisyon anmèdman seksyèl la laj anpil. Anplis egzanp ki anwo a yo, lòt konpòtman ki gen tandans seksyèl epi ki pa apresye, kit se entansyon an kit se pa entansyon an, epi ki gen efè pou kreye yon anviwonman lekòl oswa travay ki ostil, ofansif, entimidan, oswa imilyan pou swa elèv oswa anplwaye gason oswa elèv oswa anplwaye fanm, vle di anmèdman seksyèl tou.

Malgre li pa posib pou fè yon lis tout sikonstans yo ka konsidere kòm anmèdman seksyèl yo, men egzanp konpòtman ki pa apwopriye epi ki, si yo pa apresye yo, ka vle di anmèdman seksyèl. Nan chak ka, yon detèminasyon konsa va depann de tout sikonstans yo, menm de gravite konpòtman la, ak de kantite fwa li repete.

- a. Avans seksyèl ki pa apresye, kit yo manyen moun lan, fizikman kit yo pa manyen li.
- b. Rega sansyèl, sifle, fwote kò ak kò yon moun, jès seksyèl kòmantè sijestif oswa ensiltan ki pa apresye.
- c. Deskripsyon seksyèl, ensinyasyon, blag, referans ekri oswa vèbal a konpòtman seksyèl, kòmantè sou kò yon moun, kòmantè sou aktivite, enkonpetans oswa esplwa seksyèl yon moun.
- d. Diskisyon sou aktivite seksyèl yon moun oswa envestigasyon sou espèryans seksyèl yon lòt moun.
- e. Etale objè, foto ak karikati ki seksyèlman sijestif.

- 5.9 Pa gen okenn pwofesè, dirijan lekòl la oswa anplwaye lekòl la, ki dwe nan okenn fason eseye entimide oswa dekouraje yon elèv nan efò elèv la ap fè, pou li ale kote otoririte ki nan pi gwo pozisyon nan Depatman Lekòl la, pou li pote plent oswa objeksyon. Yo dwe rapòte tout efò konsa bay Komite Lekòl la ak bay Sipèyentandan an touswit.

- 5.10 Si nenpòt moun vyole nenpòt nan dwa ki etabli nan Kòd sa a, sa va bay rezon pou yo fè yon apèl dapre dispozisyon yo pran nan Seksyon 23.0 nan Kòd sa a.

6.0 LIBÈTE ESPRESYON

- 6.1 Elèv yo dwe jwi kèk dwa konstitisyonèl menm jan tribinal yo defini yo pou lokal yon lekòl. Elèv yo dwe gen dwa pou yo esprime yo an pawòl, alekri, nan sa yo mete sou yo oswa nan senbòl yo afiche tankou bouton, ensiy, anblèm, moso twal yo mete nan bra yo kòm ensiy, oswa pa lòt mwayen oswa lòt jan pou esprime yo. Direktè lekòl la oswa moun yo nome a ka kontwole libète espresyon an, si gen ase detay pou fè kwè yon fòm espresyon anpatikilye, va koze oswa ap koze ase dezòd byen vit nan aktivite lekòl yo. (pa egzanp li sal, avilisan, ensiltan, sipòte rasis, li pònografik, li pwovoke lòt moun vyole prensip lekòl ki valab, eksetera.)
- 6.2 Elèv yo dwe gen dwa pou yo distribye epi posede nenpòt fòm literati nan lokal lekòl la ak nan bilding lekòl la yo, sa vle di jounal, magazin, feyè ak bwochi, eksepte Direktè lekòl la oswa moun/gwoup moun li chwazi a ka entèdi distribisyon yon nimewo an patikilye nan yon piblikasyon an patikilye nan bilding lekòl la si gen ase detay ki fè yo kwè posesyon oswa distribisyon dokiman sa a va koze oswa ap koze ase gwo dezòd nan aktivite lekòl la. (pa egzanp, li sipòte rasis, li sipòte aktivite ilegal, li ankouraje abi dwòg, eksetera)
- 6.3 Direktè Lekòl la oswa nenpòt pwofesè, dirijan lekòl oswa anplwaye lekòl la ka egzije pou yo prezante dokiman sa a, e menm piblikasyon lekòl la sipòte yo pou apwobasyon oswa konsantman anvan yo distribiye yo. Yo espere ke tout piblikasyon elèv yo ap respekte règleman journalism reskonsab yo. Sa vle di ke yo pap otorize deklarasyon difamatwa, plent ki pa fonde ak akizasyon, betiz, kalomni sou deklarasyon moun, materyèl ki envoke prejidi, asèlman oswa diskriminasyon baze sou sèks, ras, relijyon, enkapasite, nasyonalite oswa oryantasyon seksyèl : rayisman, vyolans, vyolasyon lwa ak règleman lekòl la : oswa materyèl pou boulvèse pwosesis edikatif la.
- Yo pa dwe pran okenn jan elèv yo eksprime yo, lè yap egzèse dwa yo genyen pou esprime yo a, tankou yon deklarasyon sou politik ofisyèl lekòl la. Direktè lekòl la ap egzije pou yo pa distribye okenn dokiman, amwenke yo prezante yon kopi devan Direktè lekòl la oswa yon moun/gwoup moun li chwazi a, lè distribisyon an kòmanse fèt.
- 6.4 Direktè lekòl la ka kontwole lè, kote ak jan elèv yo distribiye dokiman an, nan fason ki rezonab pouvike règleman sa yo:
- a. Aplike egalman pou tout kalite dokiman;
 - b. Pa entèdi distribisyon nan lè oswa kote ki swa deyò oswa anndan bilding lekòl la, kote ki pa gen ase detay ki egziste pou detèminen, gen okenn entèferans ki ta ka fèt,
 - c. Yo di egzakteman ki kote ak lèt distribisyon an entèdi, epi

- d. Pa entèdi dwa pèsonn genyen pou aksepte oswa rejte okenn dokiman yo distribiye dapre règleman yo.
- 6.5 Yo pa dwe fòse okenn elèv salye drapo a oswa di Pledge of Allegiance (Sèman Fidelite a). Yon elèv ki chwazi pou li pa patisipe dwe rete an silans ak tout respè li.
- 6.6 Yo pap pèmèt siy, feyè oswa afich san apwobasyon davans Direktè lekòl la, oswa yon moun/gwoup moun li chwazi a.
- 6.7 Si nenpòt moun vyole nenpòt nan dwa ki etabli nan Kòd sa a, sa va bay rezon pou yo fè yon apèl dapre dispozisyon yo pran nan Seksyon 23.0 nan Kòd sa a.

7.0 LIBÈTE POU REYINI

- 7.1 Elèv yo dwe jwi tout dwa konstitisyonèl yo genyen pou yo lib pou yo reyini. Elèv yo dwe gen dwa pou yo lib pou yo reyini an pè sou pwopriyete lekòl la, pou yo ka esprime pwennvi yo ak opinyon yo. Nenpòt ki reyinyon elèv yo planifye dwe fèt nan yon lè ak yon kote Direktè lekòl la, oswa Asistan Direktè a apwouve davans, epi yo pa dwe refize apwobasyon a yon jan ki rezonab.
- 7.2 Elèv yo ka envite moun ki pa nan lekòl la pou yo vin pale epi tande sa yap di a.. Dirijan lekòl la yo ka rezonabman kontwole lè, ak kote diskou yo ap fèt la epi, yo ka egzije yo pou yo bay yon avi davans pou yo ka evite konfli ak pou yo ka garanti bon jan pwoteksyon pou kominote lekòl la. Yo ka egzije elèv yo pou yo bay Direktè lekòl la oswa Asistan Direktè a non moun ki pa nan lekòl la ka vin pale yo pou apwobasyon davans. Direktè lekòl la oswa Asistan Direktè a dwe apwouve yon moun ki pa nan lekòl la kap vin pale, amwenke gen ase detay ki fè yo kwè moun kap vin pale a va koze ase gwo dezòd nan aktivite lekòl la yo.
- 7.3 Si nenpòt moun vyole nenpòt nan dwa ki etabli nan Kòd sa a, sa va bay rezon pou yo fè yon apèl dapre dispozisyon yo pran nan Seksyon 23.0 nan Kòd sa a.

8.0 KOUMAN POU ITILIZE LOKAL LEKÒL LA YO



- 8.1 Dirijan lekòl la yo dwe mete lokal lekòl la yo disponib pou tout elèv yo yon jan rezonab ak yon jan ki pa gen diskriminasyon ladan pou yo ka fè reyinyon, pou yo rasanble, ak pou preparasyon ak distribisyon dokiman, pou pèmèt elèv yo egzèsè dwa ki etabli nan Kòd sa a. Dirijan sa yo ka egzije pou elèv ki itilize lokal lekòl la yo ranbouse lekòl la, pri rezonab li koute pou materyèl elèv yo itilize a, ak pou lòt pri oswa pou domaj ki fèt pandan yap itilize lokal lekòl la yo, si lekòl la pa tap peye pou yo.

Si nenpòt moun vyole nenpòt nan dwa sa yo ki etabli nan Kòd sa a, sa va bay rezon pou yo fè yon apèl dapre dispozisyon yo pran nan Seksyon 23.0 nan Kòd sa a.

9.0 KÒD SOU KOUMAN POU ABIYE

- 9.1 Elèv yo dwe gen dwa pou yo esprime yo sou jan yo chwazi pou yo abiye ak pou yo penyen tèt yo, pouvike elèv la yo satisfè responsablite yo genyen pou yo abiye ak pou yo prepare tèt yo yon jan ki konfòm ak estanda rezonab pou lasante, pwoteksyon ak pwòpte, epi pouvike sa pap koze yon dezòd nan pwosesis edikatif la.
- 9.2 Pye yo dwe kouvri (gen soulye ladan yo) tout tan.
- 9.3 Yap jije rad yo pa apwopriye si yo deranje lòt elèv yo oswa si yo entèfere nan nenpòt fason ak pwosesis edikatif la. Sa vle di, men li pa limite nan, rad ki dekoupe nan tay epi ki kite povant deyò, chòt ki kout anpil, pantalon ki gen fouk ki ba anpil, ak lòt kalite rad ki ofansif ak/oswa vyole estanda ki akseptab pou abiye yo.
- 9.4 Yo entèdi pou elèv yo mete rad ak sipèfli ki:
- a. gen slogan, kòmantè oswa desen ki sal, revòltan oswa vilgè,
 - b. ki adrese yo a oswa ki gen entansyon pou koze danje, anmède, menase, entimide oswa denigre gwoup moun an patikilye oswa moun yon sèks, ras, relijyon, enkapasite, orijin nasyonal oswa oryantasyon seksyèl;
 - c. fè reklam pou bwason ki gen alkòl ladan yo, pwodwi ki fèt ak tabak oswa dwòg ilegal.
- 9.5 Yo va mete paran/moun ki reskonsab yo okouran epi yo va voye elèv la lakay li pou li chanje rad li si rad la pa apwopriye pou lekòl.
- 9.6 Si nenpòt moun vyole nenpòt nan dwa ki etabli nan Kòd sa a, sa va bay rezon pou yo fè yon apèl dapre dispozisyon yo pran nan Seksyon 23.0 nan Kòd sa a.

10.0 LIBÈTE POU RELIJYON

- 10.1 Elèv yo dwe gen dwa pou yo refize patisipe oswa ale nan nenpòt kalite aktivite relijye.
- 10.2 Yo pa dwe itilize anyen nan prensip sa yo pou entèdi oswa dekouraje diskisyon ki ka gen rapò ak sijè relijye oswa jwe mizik relijye tankou yon pati nan pwogram etid nòmal lekòl la, pouvike nenpòt elèv ki gen objesyon gen dwa pou li refize patisipe.

11.0 MARYAJ AK GWOSÈS ELÈV

- 11.1 Yo pa dwe refize okenn elèv aksè nan salklas regilye yo pou enstriksyon oswa aktivite ki pa nan pwogram lekòl la, ni yo pa ka sispann, mete deyò oswa disipline elèv la poutèt maryaj, gwosès oswa paske li se paran.
- 11.2 Si nenpòt moun vyole nenpòt nan dwa sa yo ki etabli nan Kòd sa a, sa va bay rezon pou yo fè yon apèl dapre dispozisyon yo pran nan Seksyon 23.0.

12.0 GOUVÈNMAN ELÈV YO

- 12.1 Elèv yo dwe gen dwa pou gen pwòp fòm gouvènman endepandan, demokartik pa yo. Tout elèv ki nan bon pozisyon nan lekòl la dwe gen dwa pou yo vote ak pou yo poze kandidati yo epi pou yo gen pozisyon nan gouvènman an. Eleksyon pou gouvènman elèv yo dwe fèt chak ane.
- 12.2 Elèv dwe etabli epi mete ann aplikasyon tout pwosedi pou nominasyon ak pou eleksyon pou elèv travay nan gouvènman an sou sipèvizyon nenpòt dirijan lekòl la, pwofesè oswa anplwaye lekòl la.
- 12.3 Tout kandida pou pòs elèv nan gouvènman an dwe gen dwa pou yo fè yon kanpay epi yo dwe gen aksè nan lokal lekòl la yo.
- 12.4 Yo dwe etabli òganizasyon, pwosedi ak pouvwa gouvènman elèv yo nan yon konstitisyon ki ekri, epi se elèv yo ki dwe fòmile li epi adopte li pouvike nan nenpòt ki sikonstans, konstitisyon an dwe fè konnen gouvènman elèv yo gen responsablite pou li tandè gwoup minorite, ki gen enterè espesyal epi li dwe garanti gwoup sa yo kèk kalite reprezantasyon nan gouvènman elèv yo.

13.0 PRENSIP AK PWOSEDI POU DISIPLIN

13.1 Prensip jeneral

Komite Lekòl la ansanm ak anplwaye lekòl la yo dwe gen yon prensip pou ede elèv rezoud pwoblèm konpòtman san yo pa chwazi mezi ki ekstrèm pou disiplin. Yo rekòmande aksyon pou sispann elèv, kòm yon dènye altènatif sèlman. Poutèt sa, yo ankouraje anplwaye lekòl yo pou yo pratike, epi pase pa tout mezi pwowaktif, pou yo ka dekouraje konpòtman ki ka merite sispansyon.

13.2 Lòt aksyon disiplinè ki apwopriye epi pwowaktif

Pou yo ka dekouraje konpòtman ki merite sispansyon, yo ankouraje Direktè lekòl la oswa moun/gwoup moun li chwazi yo, pran nenpòt aksyon pou ankouraje edikasyon ak bon konpòtman yon elèv, epi yo dwe otorize yo pran nenpòt aksyon,

pou ankouraje edikasyon ak bon konpòtman yon elèv, sa vle di nenpòt nan mezi sa yo, men li pa limite nan yomenm sèlman:

- a. Fè yon travay endividyèl ak elèv la, eseye chèche konnen sous pwoblèm nan, epi rekòmande yon altènatif.
- b. Pale ak paran/moun ki responsab elèv la (al nan vizit kay elèv la, si li nesèsè), oswa zanmi elèv la yo, si li nesèsè.
- c. Refere elèv la bay konseye lekòl la oswa sikològ lekòl la.
- d. Refere elèv la bay ajans sosyal ki deyò lekòl la.
- e. Fè konferans ak nenpòt oswa tout sous ki anwo a yo.
- f. Refere elèv la bay Direktè lekòl la.
- g. Bay elèv la konsèy poukont li oswa ansanm ak yon gwoup.
- h. Bay elèv la yon pwofesè leson patikilye, anplis klas regilye yo.
- i. Bay elèv la travay anplis.
- j. Egziye travay anplis apre lè regilye yo.
- k. Refere elèv la pou evalyasyon apwofondi kòm yon timoun ki bezwen edikasyon espesyal dapre pwosedi ki etabli nan lalwa ak règleman leta ak ak lalwa ak règleman federal ki aplikab yo.
- l. Retire elèv la nan klas la, pa pou plis pase de (2) jou, lè li apwopriye pou fè sa.

14.0 SISPANSYON

14.1 Prensip Depatman Lekòl Cambridge la, se pou fè tout efò pou ede elèv rezoud pwoblèm konpòtman, san yo pa pase pa mezi ki ekstrèm pou disiplin. Men, nan sikonstans kote konpòtman yon elèv twouble lekòl la, fè elèv la oswa lòt moun mal oswa fè elèv la rantre nan aktivite lalwa Commonwealth Massachusetts la entèdi, lè sa a elèv la merite yon sispansyon.

14.2 Anvan pou yo kòmanse nenpòt aksyon pou disiplin, Direktè lekòl la oswa moun/gwoup moun li chwazi a dwe pran mezi sa yo pou yo kapab bay elèv la dwa li genyen pou tretman ekitab:

- a. Anvan yo sispann elèv la nan sèvis transpò lekòl la, oswa anvan yo sispann elèv la nan lekòl la pandan jiska dis (10) jou, oswa anvan yo voye

elèv la nan sal detansyon an, yo dwe bay elèv la ansanm ak paran/moun ki responsab li a

- i. Yon avi oral oswa ekri sou akizasyon yo.
 - ii. Yon esplikasyon sou prèv yo genyen kont elèv la.
 - iii. Yon opòtinite pou elèv la prezante vèsyon pa li nan istwa a.
- b. Anvan yo sispann yon elèv nan lekòl pandan plis pase dis (10) jou, oswa anvan yo mete yon elèv deyò nan lekòl la, yo dwe bay elèv la ansanm ak paran/moun ki responsab li yo:
- i. Yon avi alekri sou akizasyon yo.
 - ii. Avi ki fè konnen elèv la gen dwa pou li gen avoka elèv la peye pou reprezante li nan yon odyans fòmèl.
 - iii. Ase opòtinite pou li prepare pou odyans lan.
 - iv. Gen dwa pou li poze kesyon nan odyans lan.
 - v. Resevwa yon desizyon ekri byen vit ansanm ak rezon ki fè yo pran desizyon ki nan avi a.

Tanpri remake: Gen pwosedi anlès ki aplike pou tout elèv ki gen Plan Edikasyon Endividyalize, epi pwosedi adisyonèl yo etabli nan Seksyon 18.0, epitou yo dwe mete yo ann aplikasyon anvan yo pran nenpòt aksyon pou disiplin.

- c. Nan tout sikonstans, avi pou sispannyon an ak odyans la dwe fèt anvan yo ka mande elèv la pou li kite lekòl la, eksepte lè yon elèv prezante yon menas imedyata pou dirijan lekòl la yo, lòt elèv la yo, anlwaye yo ak/oswa limenm oswa li klèman mete anviwonman lekòl la nan danje. Nan ka sa a, yo ka retade odyans lan men yo dwe fè li nan yon peryòd tan ki rezonab.

Direktè lekòl la ak/oswa moun/gwoup moun li chwazi a dwe pote yon atansyon rezonab lè yap revize sikonstans lan yo, ak lè yap itilize bon jan jijman pwofesyonèl pou yon pran yon desizyon pou sispann yon elèv. Yo va pran sikonstans ki jistifye, oswa esplike yon desizyon pou sispannyon an konsiderasyon anvan sispannyon an fèt.

Direktè lekòl la ka sispann yon elèv nan lekòl la pou yon peryòd ki ant 1 a 10 jou pou vyolasyon prensip lekòl la ki fèt, pandan elèv la nan bilding lekòl la, sou pwopriyete lekòl la, nan transpòtasyon pou ale ak soti lekòl la

oswa pandan aktivite lekòl la otorize kit se sou pwopriyete lekòl la, kit se pa sou pwopriyete lekòl la.

14.3 Toudepann de gravite ensidan an, yo va sispann yon elèv pou ant youn a dis jou si yo jwen li fè, men se pa pou rezon sa yo sèlman :

a. *Atak epi bay moun kou/koze domaj kòporèl/menas*

- i. itilize vyolans, fòs, kontrent, menas, entimidasyon ak lòt konpòtman sanblab.
- ii. entèfere ak nenpòt anplwaye lekòl la oswa elèv paske li itilize menas, anmèdman oswa kontrent, oswa li twouble oswa anpeche aktivite lekòl la fè ak oswa san li pa itilize fòs oswa vyolans.
- iii domaje oswa eseye domaje anplwaye lekòl la oswa yon lòt moun ak yon zam oswa yon bagay ki gen danje ladan.
- iv komèt atak, menm atak seksyèl oswa atake epi bay yon anplwaye lekòl la oswa yon lòt moun kou.
- v. koze oswa eseye koze domaj fizik sou yon anplwaye lekòl la oswa yon lòt moun.
- vi mete sekirite fizik yon lòt moun an danje paske li itilize fòs oswa vyolans oswa li fè menas fòs oswa vyolans. Yon menas pou fòs oswa vyolans se yon zak ouvè ki ka yon fason rezonab fè viktim nan pè pou danje kòporèl pa rive li imedyatman. Nan ofans sa a, gen inisyasyon.

b. *Posesyon zamafe, zam ki gen danje ladan yo, bagay ki gen danje ladan yo*

- i. te genyen oswa gen posesyon nenpòt zamafe oswa zam.
- i. te genyen oswa gen posesyon nenpòt kanif oswa zam ki gen danje ladan yo epi lalwa entèdi zam sa yo.
- iii. itilize nenpòt bagay yon jan ki gen danje ladan oswa ki menasan.

c. *Sibstans ki sou kontwòl; alkòl ak tabak*

- i. te gen swa gen posesyon oswa sou enflyans dwòg oswa alkòl

- ii. vann, distribye oswa te gen, oswa gen posesyon, ak entansyon pou vann oswa distribye nenpòt dwòg ki preskri oswa ki pa preskri nan lekòl la, sou pwopriete lekòl la oswa pandan elèv la nan jiridiksyon lekòl la.
 - iii. te gen oswa gen posesyon oswa itilize nenpòt dwòg, dwòg nakotik, dwòg alisinòjèn, anfetamin, babitirik, marijuana, bwason ki gen alkòl ladan, oswa nenpòt ki kalite entoksikan.
 - iv. yo jwenn pwodwi ki fèt ak tabak sou pwopriete lekòl la, nan aktivite lekòl la sipòte oswa pandan elèv la nan transpòtasyon lekòl la bay.
 - v. etale, itilize oswa an posesyon dwòg oswa alkòl, pandan li nan lekòl la, sou pwopriete lekòl la oswa pandan li sou jiridiksyon lekòl la, menm pandan yon aktivite oswa yon evennman lekòl la sipòte.
 - vi. nan prezans epi patisipe nan vann, distribisyon, itilizasyon oswa posesyon dwòg ki pa preskri, dwòg nakotik, dwòg alisinòjèn, anfetamin, babitirik, marijuana, bwason alkolik oswa nenpòt ki kalite entoksikan sou pwopriete lekòl la oswa pandan li sou jiridiksyon lekòl la, menm nan yon aktivite oswa yon evennman lekòl la sipòte.
- d. *Anmèdman, diskriminasyon ak vyolasyon dwa sivil*
- i. vyole dwa sivil lòt moun.
 - ii. patisipe nan zak anmèdman oswa diskriminasyon, menm nan zak anmèdman seksyèl.
 - iii. itilize afwon, vilgarite oswa mo sal yon fason ki pèsistan ak/oswa abizif.
 - iv. patisipe nan nenpòt aktivite ki vyole lalwa nan Massachusetts epi ki entèdi pratik inisyasyon an (M.G.L. c. 269 §§17-19)
 - v. menase, anmède oswa entimide nenpòt moun pandan yo sou pwopriete lekòl la oswa nan yon aktivite lekòl la sou pwopriete lekòl la oswa deyò pwopriete lekòl la.
 - vi. itilize langaj ak/oswa jès ki sal oswa ki pa apwopriye,

degradan ak/oswa ofansif pandan yo sou pwopriyete lekòl la, nan yon aktivite lekòl la oswa nan nenpòt evennman ki gen rapò ak lekòl la.

e. *Vòl, destriksyon ak mete dife*

- i. mete dife oswa domaje nenpòt bilding oswa pwopriyete lekòl la.
- ii. mete sekirite lòt moun nan danje paske li mete dife sou pwopriyete lekòl la, nan aktivite lekòl la sipòte oswa pandan li nan transpòtasyon lekòl la bay.
- iii. fè yon kalite alam tankou alam lekòl la sonnen alòske li konnen pa gen ijans pou dife, oswa ijans lapolis ki egziste.
- iv. koze domaj oswa volè pwopriyete lekòl la oswa pwopriyete prive.
- v. eseye pa lafòs oswa menase pa lafòs pou volè pwopriyete prive
- vi. domaje oswa volè pwopriyete pèsonèl yon lòt, oswa yo jwenn elèv yo an posesyon pwopriyete pèsonèl yo volè pandan yo nan lekòl.
- vii. koze oswa eseye koze domaj nan pwopriyete lekòl la, volè oswa eseye volè pwopriyete lekòl la.
- viii. koze oswa eseye koze yon dezòd nan lekòl la oswa nan yon evennman oswa aktivite ki gen rapò ak lekòl la, paske li fè sonnen oswa eseye fè sonnen yon fo alèt.
- ix. mete sekirite lòt moun an danje paske li fè sonnen oswa li eseye fè sonnen yon fo alèt.
- x. fè bonm oswa menase pou bonm pati oswa fè lòt fo menas oswa kriz ki yon nati parèy

f. *Lòt dezòd*

- i. fè zak fizik pou anpeche oswa eseye anpeche nenpòt seremoni lekòl, oswa seremoni edikatif, oswa nenpòt reyinyon legal, kap fèt sou pwopriyete lekòl la fonksyonnen oswa kontinye fonksyonnen jan yo etabli a.
- ii. pa obsève enstriksyon nenpòt anplwaye lekòl la, kap aji nan kapasite ofisyèl yo bay an tout lejitimite, epi, konsa koze nenpòt efè ki kreye dezòd nan edikasyon lòt elèv yo.

- iii. patisipe nan aktivite lalwa Commonwealth Massachusetts la entèdi epi ki vin kreye yon dezòd nan aktivite lekòl la.
 - iv. patisipe nan nenpòt aktivite ki ka kreye bonjan dezòd nan lekòl la, nan salklas oswa nan aktivite yap fè nan yon salklas.
 - v. patisipe nan konpòtman ki vyole M.G.L.c. 71, §§37H & 37H½ .
 - vi. patisipe nan nenpòt aktivite oswa pote nenpòt bagay ki pa gen itilite rezonab, sou pwopriyete lekòl la oswa nan nenpòt aktivite oswa evenman lekòl la sipòte nan lokal lekòl la.
 - vii. koze oswa eseye koze yon dezòd nan lekòl la, nan yon salklas oswa nan aktivite kap fèt nan yon salklas, paske li pote nan lekòl la nenpòt objè ki pa gen itilite rezonab nan lokal lekòl la.
- g. *Vyolasyon ki repete*
- i. kontinye komèt yon vyolasyon oswa plis nan nenpòt prensip ak responsablite ki etabli nan *Liv Dwa ak Responsablite a*.

Direktè lekòl la gen dwa pou li revize detay yo, ak akò, ki reyalize nan odyans pou sispansyon an pi plis toujou, epi li gen dwa pou rann sispansyon an pi long toujou.

Pandan elèv la nan sispansyon an, evennman oswa aktivite lekòl la ap fè.

Atak, goumen ant elèv

Yap pran aksyon pou disiplin sevè epi touswit kont nenpòt moun ki patisipe nan yon goumen, oswa ki ankouraje li nan nenpòt ki jan. Yo pap tolere okenn konpòtman ki kreye dezòd ditou. Sanksyon pou konpòtman ki pa akseptab sa a, se yon sispansyon ki dire dis (10) jou, toudepann de degre patisipasyon an, kategori a, kantite ofans yo, ak/oswa gravite ensidan an. Yo mete lapolis okouran tout atak fizik ki fèt, epi yo fè paran yo konnen dwa yo genyen, pou yo pote yon plent kriminèl nan Tribinal Middlesex County a. Toudepann de sikonstans yo, Depatman Lekòl Cambridge la, poukont li, ka depoze yon plent kriminèl nan Tribinal Middlesex County a, pou yon atak oswa yon atak ak bay kou ki fèt. Elèv yo konnen lè yo nan yon diskisyon. Yo atann yo pou elèv yo mande asistans si li nesèsè pou rezoud diskisyon an, yon fason ki pezib. Yon elèv gen yon responsablite pou li mete dirijan lekòl la okouran sitiyasyon an, pou li evite goumen. Medyatè yo, ki elèv yo ansanm ak pwofesè yo, disponib tout tan nan Biwo Pwoteksyon ak Sekirite a pou ede rezoud diskisyon yo.

Se administratè ki responsab la ki va detèminen kategori ak nivo patikilye disiplin lan, dapre sikonstans chak ka an patikilye.

KATEGORI EN (1):

Tapaj/jwèt goumen/fè bri

Premye ofans: Yon sispansyon pou yon jou nan lekòl la. Yo mete paran okouran.

Dezyèm Ofans: Yon sispansyon yon jou deyò lekòl la. Yo fè konferans ak paran.

Twazyèm ofans: Yon sispansyon twa jou deyò lekòl la. Yo fè konferans ak paran.

KATEGORI DE (2):

Moun ki chofe dife/ òganizatè/enstigatè:

Yon elèv yo mande pou li soti kote yon diskisyon ki koze dezòd oswa yon goumen ap fèt epi li refize fè sa, pase nan kategori sa a.

Premye ofans: Yon sispansyon de (2) jou deyò lekòl la. Yo mete paran okouran.

Dezyèm Ofans: Yon sispansyon senk jou deyò lekòl la. Yo mande paran yo pou yo tounen ak elèv la pou yon konferans. Odyans fèt nan biwo direktè lekòl la pou mete elèv deyò.

KATEGORI TWA (3):

Atake epi bay yon moun kou:

Yon atak sou yon moun se yon krim. Yo va mete lapolis okouran epi yo va ankouraje yon arestasyon. Yo va pote yon plent kriminèl kont moun ki komèt zak la.

Premye ofans: Yon sispansyon senk jou deyò lekòl la. Yo fè konferans ak paran. Yo pote yon plent kriminèl. Yo mete lapolis okouran.

Dezyèm Ofans: Yon sispansyon dis jou deyò lekòl la. Yo mete elèv la deyò. Odyans fèt nan biwo direktè lekòl. Yo pote yon plent kriminèl. Yo mete lapolis okouran.

KATEGORI KAT (4):

Goumen/youn atake lòt epi youn bay lòt kou:

- Premye ofans: Yon sispansyon twa jou deyò lekòl la. Yo fè konferans ak paran. Medyasyon disponib epi yo ankouraje lè elèv la tounen lekòl.
- Dezyèm Ofans: Yon sispansyon senk jou deyò lekòl la. Yo fè konferans ak paran. Medyasyon disponib epi ankouraje lè elèv la tounen lekòl
- Twazyèm ofans: Yon sispansyon dis jou deyò lekòl la. Yo mete elèv la deyò. Odyans fèt nan biwo direktè lekòl.

KATEGORI SENK:

Goumen/youn atake lòt epi you bay lòt kou nan salklas yo, kafeterya, asanble, nan koulwa pandan yap pase tan, oswa nan yon bal ki fèt nan lekòl la, eksetera.

Dezagreman (fizik ou pa) kreye yon sitiyasyon ki patikilyèman enstab nan klima lekòl nou an lè yo gaye, lè gen anpil moun ki prezan. Konpòtman ki kreye dezòd epi ki restriktif alekstrèm sa a, mande aksyon disiplinè sevè. Egzanp: pandan elèv ap pran manje midi nan kafeterya, pandan lè lekòl lage, oswa lè yap antre nan bilding la, nan bal yo, nan evennman espòtif oswa nan nenpòt asanble oswa evennman ki gen rapò ak lekòl la. Plizyè ofans nan prensip sa a va fè Direktè lekòl la yon revizyon, epi sa ka fè yo rekòmande pou mete elèv la deyò.

- Premye ofans: Yon sispansyon senk jou deyò lekòl la. Yo fè konferans ak paran. Yo ka pote yon plent kriminel.
- Dezyèm Ofans: Yon sispansyon dis jou deyò lekòl la. Yo mete elèv la deyò. Odyans fèt nan biwo direktè lekòl.

14.5 Monte yon fo alèt

Si yon elèv ki òkestre yon fo alèt (pa egzanp menas bonm, mete aparèy ki avèti dife an mach, mete fwaye an mach, oswa nenpòt lòt fo menas oswa kriz) ki kreye yon dezòd swa sou pwopriyete lekòl la oswa nan yon aktivite lekòl oswa yon evennman ki gen rapò ak lekòl la epi ki mande pou swa depatman lapolis ak/oswa depatman ponpye reponn, yo dwe disiplinè elèv la.. Yon konpòtman konsa non sèlman koze dezòd nan lekòl la, men li ka mete popilasyon lekòl la ansanm ak anplwaye depatman lapolis, ak depatman ponpye ki reponn yo an danje. Kifè, yo pap tolere yon konpòtman konsa.

- Premye ofans: Yon sispansyon dis jou deyò lekòl la. Odyans fèt nan biwo direktè lekòl.

14.6 Prensip pou pa gen tabak nan lekòl la

Dapre Lalwa yo te pase an 1993 sou Refòm nan Edikasyon nan Commonwealth Massachusetts, Seksyon 37H: “Sipèyentandan chak distrik lekòl dwe pibliye prensip distrik la genyen yo, epi ki gen rapò ak konpòtman pwofesè yo ak elèv yo. Prensip sa yo dwe entèdi nenpòt moun, menmsi se anplwaye lekòl la, itilize nenpòt pwodwi ki fèt ak tabak nan bilding lekòl la yo, nan lokal lekòl la yo oswa sou pwopriyete lekòl la yo oswa nan otobis lekòl la yo.” Prensip sa dwe aplike pou tout evennman lekòl la sipòte ak/oswa evennman ki gen rapò ak lekòl la, menm si se match espòtif. Yo dwe defini pwopriyete lekòl yo kòm tout pwopriyete a nèt jiska pwent twotwa ki antoure chak lekòl. Pi presizeman, pwopriyete Cambridgje Ringe ak Latin School yo ki sou pwopriyete Bibliyotèk Piblik nan Cambridge yo konsidere kòm pwopriyete lekòl yo lè yap pale de tout prensip ki gen rapò ak elèv yo.

Pwosedì pou Vyolasyon Elèv Komèt nan Lekòl Elemantè Nan tout sikonstans, se anplwaye lekòl la (oswa moun anplwaye lekòl yo nonmen yo) ki va anseye klas Edikasyon sou Tabak yo, pi presizeman moun Massachusetts Prevention Center (Sant pou Prevansyon nan Massachusetts) ki fè staj nan Tobacco Education Groups and Tobacco Assistance Programs (TEG/TAP) (nan Gwoup pou Edikasyon sou Tabak ak Pwogram Asistans pou Tabak) yo. Klas TEG yo va edike elèv yo sou danje ki gen nan tabak ak detay sou adiksyon. Elèv yo va rankontre pandan yon peryòd twa jou (demi èdtan chak jou) ki kapab fèt pandan peryòd rekreyasyon an.

Pwosedì pou Vyolasyon Elèv Komèt nan Lekòl Segondè: Nan tout sikonstans, se anplwaye lekòl la (oswa moun anplwaye lekòl yo nonmen yo) ki va anseye klas Edikasyon sou Tabak yo, pi presizeman moun Massachusetts Prevention Center (Sant pou Prevansyon nan Massachusetts) antrenen nan TEG/TAP yo. Klas TEG yo va edike elèv yo sou danje ki gen nan tabak ak detay sou adiksyon.

Premye ofans: Swa yon Tobacco Education Group (Gwoup Edikasyon sou Tabak) pandan twa jou (inèdtan chak jou) ki fèt apre lekòl lage, oswa retni pandan senk jou.

Ofans ki repete: Yap voye avi bay paran yo epi elèv la ap repete TEG pandan twa jou a oswa yon retni pandan senk jou.

Remak: Yon “ratman” ki aranje davans va fè yo fè elèv la ratrape klas TEG a nan semenn pwochèn lan. Yon “ratman” ki pa eskize va fè yo bay elèv la yon retni anplis yo fè li ratrape klas TEG a.

Nenpòt pwofesè oswa anplwaye ka itilize mezi sa yo pou refere elèv lekòl elemantè oswa lekòl segondè yo nan TEG a:

- a. Elèv la va idantifye tèt li epi moun ki rapòte a va ranpli yon fòm Detention Report (Rapòte sou Retni) kote lap efase seksyon ki make « did not attend” (li pat vini) an epi lap ekri: “smoking referral” (“referans pou fimen”) nan espas yo kite vid la.
- b. Moun ki fè rapò a va voye orijinal la bay Dwayen/Direktè lekòl la epi yon kopi bay moun ki prezante elèv la nan TEG a. Dwayen/Direktè lekòl la va mete elèv la okouran.
- c. Yo va fè Dwayen/Direktè lekòl la konnen si elèv la fin fè twa sesyon obligatwa TEG yo (inèdtan chak) avèk siksè.

15.0 SISPANSYON NAN KADIJANS

15.1 Sispansyon nan kadijans

Direktè lekòl la oswa moun/gwoup moun li chwazi a ka sispann yon elèv nan lekòl la imedyatman pou yon peryòd ki pi plis pase fen lajounen lekòl la lè elèv la komèt yon ofans yo ka sispann elèv la pou li dapre *Liv Dwa ak Responsablite yo*, epi si prezans elèv la ki kontinye nan lekòl la poze yon danje pou lasante ak sekirite elèv la, lòt elèv yo, pwopriyete a oswa yon dezòd nan pwosesis edikatif la nan lekòl la.

15.2 Yo voye avi bay paran/moun ki responsab elèv la pou mete yo okouran sispansyon nan kadijans lan.

Direktè lekòl la ak/oswa moun/gwoup moun li chwazi a epi ki otorize sispansyon an dwe fè tout efò posib ak rezonab pou kontakte paran/moun ki responsab elèv la ak/oswa reprezantan paran an chwazi a.

15.3 Pran randevou pou konferans

Anvan vennkat (24) èdtan pase sou kòmansman sispansyon nan kadijans lan, Direktè lekòl la, dapre dispozisyon ki genyen nan seksyon 16.0 ki pi ba la, dwe fè yon konferans ak paran/moun ki responsab elèv la pou konnen si elèv la merite plis sispansyon toujou. Si, apre konferans lan, yo jwenn gen yon nesosite pou kontinye yon sispansyon ki egziste, yo ka pwolonje sispansyon an jis nan limit yo bay pou ofans sa a nan *Liv Dwa ak Responsablite a*. Yo dwe konte tan elèv la pase deyò lekòl la pandan sispansyon nan kadijans la nan nenpòt sispansyon anplis yo enpoze apre konferans sa a.

16.0 KONFERANS POU SISPANSYON

16.1 Avi pou paran

Direktè lekòl la oswa moun/gwoup moun li chwazi a dwe fè tout efò posib ak rezonab pou kontakte paran/moun ki responsab elèv la ak/oswa reprezantan paran yo chwazi a pa telefòn pou fè paran/moun ki responsab elèv la oswa reprezantan paran an chwazi a konnen yap panse mete elèv la nan sispansyon. Nan efò sa yo dwe gen koutfil, epi ladan yo ka gen, bay epi voye yon lèt nan adrès lakay elèv la. Tout korespondans ki gen rapò ak sispansyon an dwe ekri ann angle epi nan lang yo pale lakay elèv la, si li diferan. Si paran/moun ki responsab elèv la oswa reprezantan paran yo chwazi a fè konnen li gen entansyon pou li patisipe nan konferans lan, lè sa a yo dwe retade konferans lan pou jis fen pwochen jou a pou pèmèt yo patisipe.

16.2 Moun kap fè konferans lan

Se Direktè lekòl la ak/oswa moun/gwoup moun li chwazi a ki dwe fè konferans epi li dwe yon moun ki pa nan patipri epi ki pa gen anyen pou wè dirèkteman ak ensidan an. Pandan konferans lan, elèv la, paran/moun ki responsab elèv la ak/oswa reprezantan paran yo chwazi a (si paran/moun ki responsab elèv la oswa reprezantan paran an chwazi a, fè konnen lap vin nan konferans lan ak/oswa patisipe nan konferans lan), ansanm ak lòt moun Direktè lekòl la ak/oswa moun/gwoup li chwazi a detèminen yo va vini nan konferans lan ak/oswa patisipe.

- a. Akizasyon yoz: Direktè lekòl la ak/oswa moun/gwoup li chwazi a va fè konnen ki akizasyon ki genyen epi yo va detèminen si elèv la konprann yo.
- b. Temwen yo. Si elèv la diskite akizasyon yo, yo va voye rele moun ki gen enfòmasyon sou swadizan ensidan an. Tout temwen kap bay temwayaj va parèt an pèsòn nan odyans lan eksepte (i) nan ka temwayaj ekspè bay tankou prèv balistik oswa analiz dwòg, oswa (ii) temwen elèv la yo si Direktè lekòl la ak/oswa moun/gwoup moun li chwazi a detèminen idantifikasyon temwen elèv la (yo) ta mete sekirite fizik temwen elèv la (yo) nan danje.
- c. Si konferans lan se pou yon sispansyon endefini dapre dispozisyon ki nan M.G.L.c. 71, §37H½, lè sa a, yo dwe swiv pwosedi ki nan Seksyon 20.0 yo.

16.3 Avi sou sispansyon ak dwa pou ale nan apèl

Anvan vennkat (24) èdtan pase apre konferans lan, Direktè lekòl la ak/oswa moun/gwoup moun li chwazi a dwe detèminen si elèv la komèt yon ofans yo ka bay sispansyon pou li jan yo akize li a epi li dwe voye pa lapòs ak/oswa fè delivre delamen alamen, yon avi ekri bay paran/moun ki responsab elèv la sou detèminasyon an. Avi a dwe ekri ann angle epi nan lang yo pale lakay elèv la, epi ladan li dwe genyen:

- a. Yon deskripsyon konplè sou dispozisyon règleman lekòl la yo te jwenn elèv la vyole a;

- b. Yon deklarasyon sou zak yo sispann elèv la pou yo a;
- c. Yon deklarasyon sou dat sispansyon an vin ofisyèl la ak kantite tan sispansyon an ap dire a;
- d. Yon demann pou paran/moun ki responsab elèv la, ale nan yon konferans pou paran ak pwofesè, ansanm ak Direktè lekòl la touswit posib.
- e. Yon deklarasyon ki di, elèv la gen dwa pou li ale nan apèl, anvan kenz (15) jou pase sou dat li resevwa avi pou sispansyon an, bay Sipèyentandan an ak/oswa moun/gwoup p moun li chwazi a dapre Seksyon 17.0 ki nan Liv Dwa ak Responsablite a.
- f. Yon deklarasyon ki fè konnen si enfraksyon an pa gen yon touni ki pi grav tankou pou li merite pou mete elèv la deyò nan lekòl la, yo va fè paran/moun ki responsab elèv la konnen gen yon odyans pou yo mete elèv la deyò nan lekòl la ki pral fèt anvan peryòd sispansyon an eskpire.

17.0 APÈL POU SISPANSYON

- 17.1 Si elèv la oswa paran/moun ki responsab la mande yon apèl, men kòman Sipèyentandan an ak/oswa moun/gwoup moun li chwazi a, dwe fè apèl la :
- 17.2 Revize prèv la
 - a. Direktè lekòl la oswa moun/gwoup li chwazi a dwe adrese Sipèyentandan an ak/oswa moun/gwoup moun li chwazi a dabò, epi yo dwe fè yon rezime prèv ki te prezante nan odyans lan. Elèv la, paran/moun ki responsab elèv la oswa reprezantan an (menn si se yon avoka), lè sa, a ka poze Direktè lekòl la oswa moun/gwoup moun li chwazi a kesyon sou prèv la ak sou si sanksyon an apwopriye.
 - b. Elèv la dwe prezan pandan tout odyans lan epi yo dwe fè li konnen ki akizasyon yo pote kont li a epi li dwe tandè tout prèv ki prezante kont limenm nan, eksepte yo ka eskize yon elèv ak konsantman paran/moun ki responsab elèv la, oswa avoka elèv la, lè yap pale de pwoblèm sikolijik oswa pwoblèm emosyonèl elèv la.
 - c. Yo dwe pèmèt elèv la, paran/moun ki responsab elèv la oswa reprezantan an yon kantite tan rezonab anvan odyans lan fèt pou egzaminen tout dosye elèv la nèt, e menm nenpòt deklarasyon sou konpòtman elèv la tou.
 - d. Lè yap fè odyans lan, Sipèyentandan an oswa moun/gwoup moun li chwazi a pa oblije obsève règ pou prezante prèv yo oswa okenn lòt prensip tribinal epi yo dwe gen otorite pou yo rele ak kesyone temwen yo jije ki enpòtan yo.

- e. Sipèyentandan an oswa moun/gwoup moun li chwazi a, ka fè konseye legal reprezante yo swa pou yo ka aji kòm avoka pou nenpòt anplwaye lekòl la, oswa pou yo ka bay Sipèyentandan an oswa moun/gwoup li chwazi a konsèy pandan odyans lan ap fèt la. Kèlkeswa avoka ki bay Sipèyentandan an oswa moun/gwoup moun li chwazi a konsèy lè odyans lan ap fèt la, pa ka aji kòm avoka pou anplwaye lekòl la yo, men anplwaye lekòl la yo gen dwa pou yo gen konseye legal.

17.3 Desizyon

- a. Sipèyentandan oswa moun/gwoup moun li chwazi a dwe anrejistre rezilta yo, epi yo dwe mete kopi rezilta yo nan dosye elèv la epi voye yo pa lapòs bay elèv la, paran/moun ki responsab elèv la ak Direktè lekòl la. Men, si Sipèyentandan an oswa moun/gwoup moun li chwazi a detèminen pa gen vyolasyon Kòd la ki te fèt, oswa yo pat menm eseye konsidere lòt altènatif pou pa mete elèv la deyò ak anpil atansyon, yo pa dwe mete okenn dokiman sou sispansyon an nan dosye elèv la oswa yo pa dwe fè pèsonn konn sa eksepte pou moun ki gen dwa resevwa yon kopi dapre Règleman sou Dosye Elèv yo (**Apandis A**). Si elèv la poko fin fè sispansyon an nèt, Sipèyentandan an oswa moun/gwoup moun li chwazi a ka detèminen yo dwe reprann elèv la imedyatman.
- b. Direktè lekòl la va fè yon rapò ekri sou travay elèv la gen pou li ratrape a pou li voye bay Sipèyentandan an oswa moun/gwoup moun Sipèyentandan an chwazi a.
- c. Nan tout sikonstans kote Sipèyentandan an pa sèvi kòm ofisye odyans la, moun/gwoup moun Sipèyentandan an chwazi pou sèvi kòm ofisye odyans lan va ekri konklizyon sou detay yo, ansanm ak rezon pou desizyon li pran an tou. Nan sikonstans kote Sipèyentandan an sèvi kòm ofisye odyans lan, yo dwe aplike dispozisyon yo pran nan seksyon 17.3 a, eksepte lè lòt pwosedi ki etabli nan seksyon 20 a 23 nan *Liv Dwa ak Responsablite* a aplike. Anvan karantwit (48) èdtan pase apre odyans lan, yo dwe voye yon kopi konklizyon yo pa lapòs bay elèv la, paran/moun ki responsab elèv la, avoka oswa reprezantan elèv la, si genyen, Direktè lekòl la ak Sipèyentandan an. Nan tout sikonstans kote ofisye odyans lan se pa Sipèyentandan an, yo dwe mete yon deklarasyon ekri nan konklizyon yo pou fè elèv la konnen dwa li genyen pou li pote desizyon ofisye odyans lan nan apèl.
- d. Nan ka kote elèv la vle pote desizyon ofisye odyans lan nan apèl, elèv la dwe depoze apèl la devan ofisye odyans lan anvan senk (5) jou lekòl pase apre li fin resevwa desizyon ofisye odyans lan. Yon fwa yo resevwa yon demann pou yon apèl, evalyatè a dwe voye yon kopi konklizyon yo ak dosye odyans lan, bay Sipèyentandan an pou revizyon. Yo dwe mete

dosye odyans lan a dispozisyon elèv la si li mande sa, san yo pa koute li anyen. Elèv la ka prezante deklarasyon ekri ak agiman devan Sipèyentandan an epi/oswa li ka mande yon rankont ak Sipèyentandan an.

- e. Sipèyentandan an dwe voye bay elèv la, paran/moun ki responsab elèv la, reprezantan elèv la, si genyen, epi Direktè lekòl la yon kopi desizyon an alekri anvan dis (10) jou pase apre yo fin depoze yon apèl kote desizyon dwe afimen, anile oswa modifye desizyon ki te pran anvan an.
- f. Depi gen yon odyans, apèl oswa desizyon administratif enfòmèl ki di yon elèv pat komèt yon vyolasyon yo te akize elèv la pou li, yo dwe efase tout referans ki fèt sou ensidan an ak pwosedi pou disiplin yo nan dosye elèv la. Ofisye odyans lan dwe fè paran yo ak elèv la konnen alekri yo efase dosye ki gen rapò ak ensidan an epi ak pwosedi pou disiplin lan.
- g. Sipèyentandan an oswa moun/gwoup moun li chwazi a dwe, dapre règleman Depatman Edikasyon nan Eta a, kenbe dosye sispansyon yo (pa egzanp yon paj ki gen lis non, dat ak kantite tan sispansyon yo epi rezon ki fè gen sispansyon an. Men dosye sa yo, si yo rann yo piblik, pa dwe devwale idantite okenn elèv ni fanmi li.

18.0 PWOSEDI POU DISIPLIN NAN EDIKASYON ESPESYAL

18.1 Elèv ki gen bezwen espesyal yo, menm jan lalwa ak règleman leta ak lalwa ak règleman federal defini yo a, dwe depann de dispozisyon ki genyen nan *Liv Dwa ak Responsablite* a eksepte si seksyon sa a di otreman.

18.1.1 Individual Education Program [Pwogram Edikasyon Endividyèl] (IEP) pou chak elèv ki gen bezwen espesyal va montre si yo ka atann yo pou elèv la satisfè kòd pou disiplin regilye a menm jan li etabli nan *Liv Dwa ak Responsablite* a, oswa si elèv ki gen bezwen espesyal yo egziye yon modifikasyon nan kòd pou disiplin sa a oswa nan nenpòt prensip ki baze sou prensip lekòl la. Yap etabli tout modifikasyon ki egzib nan kòd pou disiplin nan oswa nan nenpòt prensip ki baze sou lekòl la nan IEP elèv la.

18.1.2 Si bezwen espesyal yon elèv gen yon enpak sou konpòtman elèv la, yo va boule ak konpòtman sa yo pa mwayen TEAM (ekip) lan.

18.1.3 Anvan yo pran nenpòt desizyon administratif dapre *Liv Dwa ak Responsablite* a, Direktè lekòl la oswa moun/gwoup moun direktè lekòl la chwazi a) va avize Biwo Edikasyon Espesyal la alekri sou ofans ki ka mande sispansyon yon elèv ki gen bezwen espesyal epi ki gen IEP ki pa montre gen nesite pou modifikasyon nan kòd pou disiplin, ki etabli nan *Liv Dwa ak Responsablite* a, oswa nan okenn prensip ki baze sou lekòl, epi yap kenbe yon dosye sou avi sa yo.

18.2 Anplwaye Biwo Edikasyon Espesyal la dwe patisipe nan tout desizyon administratif ki pran dapre *Liv Dwa ak Responsablite* a epi ki gen rapò ak elèv ki gen bezwen espesyal.

18.2.1 Si yon desizyon administratif dapre *Liv Dwa ak Responsablite* a, pap gen enpak sou plasman elèv la epi/oswa li pap koze yon sispansyon kolektif, pou plis pase dis (10) jou lekòl pandan yon ane lekòl, yo pa egzije yon rankont TEAM (ekip) la pou sa.

18.2.2 Si yon desizyon administratif dapre *Liv Dwa ak Responsablite* a, pap gen enpak sou plasman elèv la epi/oswa li pap koze yon sispansyon kolektif, pou plis pase dis (10) jou lekòl pandan yon ane lekòl, yo egzije yon rankont TEAM (ekip) la anvan yo pran nenpòt desizyon administratif pou disiplin.

18.3 Anvan yo pran yon desizyon administratif dapre *Liv Dwa ak Responsablite* a, Direktè lekòl la dwe detèminen si yo kalifye elèv la, kòm yon elèv ki gen bezwen espesyal, oswa si yo refere elèv la pou yon evalyasyon pou edikasyon espesyal men yo poko detèminen si li gen bezwen espesyal.

18.3.1 Si yo poko detèminen yon elèv kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak edikasyon espesyal epi elèv la patisipe nan konpòtman ki vyole nenpòt nan prensip oswa kòd pou konpòtman yo, elèv sa a ka itilize nenpòt nan pwoteksyon lalwa eta a ak lalwa federal sou edikasyon espesyal bay yo si lekòl la te konnen elèv la se yon elèv ki gen yon andikap anvan konpòtman ki presipite aksyon disiplinè a te rive.

- a. Yo sipoze depatman lekòl la ka konnen si yon elèv se yon elèv ki gen andikap si anvan konpòtman ki presipite aksyon disiplinè a bagay sa yo te rive:
 - (i) Paran an te fè yon anplwaye ki nan pozisyon sipèvizè oswa yon anplwaye administratif oswa yon pwofesè timoun lan, konnen alekri enkyetid li genyen pou timoun nan ki ka bezwen sèvis edikasyon espesyal yo.
 - (ii) Paran an mande yon evalyasyon pou elèv la, oswa
 - (iii) Pwofesè elèv la, oswa lòt anplwaye lekòl la fè konnen enkyetid espesifik yo genyen sou mòd konpòtman elèv la demontre a dirèkteman bay direktè Biwo Edikasyon Espesyal la oswa bay lòt anplwaye ki nan pozisyon sipèvizè nan Biwo Edikasyon Espesyal la.
- b. Yo sipoze depatman lekòl la pa konnen elèv la se yon elèv ki gen yon andikap si :

- (i) Paran/moun ki responsab elèv la pa pèmèt yo fè yon evalyasyon pou elèv la, oswa
- (ii) Paran/moun ki responsab elèv la refize sèvis yo pou elèv la, oswa
- (iii) Yo te evalye elèv la epi yo te jwenn li kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak edikasyon espesyal.

c. Si yo sipoze depatman lekòl la konnen elèv la se yon elèv ki gen yon andikap, yo ka disipline elèv la dapre kòd disiplin ki etabli nan *Liv Dwa ak Responsablite* a, eksepte limitasyon sa yo aplike:

- (i) Si paran/moun ki responsab elèv la mande yon evalyasyon pandan peryòd tan kote elèv la dwe resevwa disiplin lan, lè sa a, yo dwe fè evalyasyon an byen vit, epi
- (ii) Toutotan evalyasyon an pa fin fèt, elèv la toujou rete nan plasman edikatif dirijan lekòl la yo detèminen an.

18.4 Si yon desizyon administratif dapre *Liv Dwa ak Responsablite* a ap gen enpak sou plasman elèv la epi/oswa li pap koze yon sispansyon kolektif pou plis pase dis (10) jou lekòl pandan yon ane lekòl, epi/oswa lap vin fè yo mete elèv la deyò nan lekòl la, yo dwe aplike dispozisyon sa yo:.

18.4.1 Lekòl la, paran/moun ki responsab elèv la epi lòt manb TEAM (ekip) elèv la ki konsènen yo, va fè revizyon sou manifestasyon pou detèminen si move konpòtman elèv la te yon manifestasyon andikap li a. Lè yap fè detèminasyon an TEAM (ekip) lan va konsidere si : (a) se yon relasyon dirèk epi sibstansyèl ak andikap elèv la ki te koze konpòtman ki an kesyon an, oswa si konpòtman ki an kesyon an te gen yon relasyon dirèk epi sibstansyèl ak andikap elèv la; oswa (b) konpòtman ki an kesyon an te rezilta dirèk IEP elèv la, yo pat mete ann aplikasyon an. Toudepann de rezilta detèminasyon manifestasyon an, yo ka swa mete aksyon disiplinè yo pwopoze a ann aplikasyon tankou yo ka pa mete li ann aplikasyon tou.

18.4.2 Si TEAM (ekip) lan deside konpòtman elèv la se yon manifestasyon andikap elèv la, yo va tounen elèv la nan plasman kote yo te retire li a anwenke paran/moun ki responsab elèv la ansanm ak lekòl la dakò pou chanje plasman an kòm yon pati nan plan entèvansyon pou konpòtman pou elèv la. Anplis, TEAM (ekip) la dwe pran mezi imedyatman pou korije nenpòt lakin yo jwenn nan IEP elèv la, plasman oswa mizannaplikasyon an konfòmman ak lalwa ak règleman eta a oswa lalwa ak règleman federal ki aplikab yo, e menm pou yo fè evalyasyon pou konpòtman fonksyonèl pou elèv la tou, pouvike yo pat fè evalyasyon sa a

anvan konpòtman ki te fè yo fè reyinyon ekip detèmasyon manifestasyon an te rive a, epi swa yo mete yon plan, oswa yon revizyon pou entèkansyon pou konpòtman ann aplikasyon, epi yo modifye plan entèkansyon pou konpòtman ki egziste pou elèv la si li nesèsè.

18.4.3 Si TEAM (ekip) lan deside konpòtman elèv la se pa yon manifestasyon andikap elèv la :

- a. TEAM (ekip) lan dwe devlope yon plan altènatif ki bay elèv la yon edikasyon piblik apwopriye gratis pandan peryòd sispansyon an;
- b. TEAM (ekip) lan dwe prezante plan altènatif la bay paran/moun ki responsab elèv la, ansanm ak avi alekri a menm jan yo egzije a dapre lalwa ak règleman eta a ak lalwa ak règleman federal yo. Si paran/moun ki responsab elèv la refize oswa pa bay konsantman yo pou dispozisyon yo pran pou sèvis yo dapre plan altènatif la, sa pa dwe anpeche yo mete sispansyon an ann aplikasyon.
- c. Si paran/moun ki responsab elèv la mande yon odyans devan Biwo pou Apèl pou Edikasyon Espesyal nan Depatman Edikasyon nan Massachusetts la, elèv la dwe kontinye nan plasman edikatif altènatif tanporè lekòl la idantifye, akozde yon desizyon administratif ki pran dapre *Liv Dwa ak Responsablite* a, jiskaske swa dat espirasyon kantite tan disiplin nan rive oswa jiskaske yon ofisye odyans pase yon lòd ki chanje plasman elèv la, kèlkeswa sa ki fèt anvan an.

18.4.4 Nan tout sikonstans kote yo enpoze yon chanjman nan plasman oswa yon sispansyon pou dis (10) jou lekòl oswa pi plis, yo dwe bay elèv la yon edikasyon piblik apwopriye gratis.

Anplwaye lekòl la yo ka konsidere nenpòt sikonstans espesyal pou chak ka an patikilye lè yap detèminen si pou yo pase yon lòd pou yon chanjman nan plasman pou yon elèv ki vyole yon kòd konpòtman.

18.4.5 Anvan dis (10) jou lekòl pase sou dat desizyon administratif pou enpoze yon aksyon disiplinè a, men sa ki dwe pase:

- a. TEAM (ekip) lan dwe rankontre pou yo fè yon evalyasyon pou konpòtman fonksyonèl pou elèv la, si yo evalyasyon sa a pat egziste deja;
- b. TEAM (ekip) lan dwe mete plan pou entèkansyon pou konpòtman elèv la ann aplikasyon, si yo pat mete plan sa a an aplikasyon anvan konpòtman ki fè yo bay elèv la disiplin nan te fèt, oswa

- c. TEAM (ekip) lan dwe revize epi modifye plan pou entèvansyon pou konpòtman an pou elèv, si yo te mete plan sa a an aplikasyon anvan konpòtman ki fè yo bay elèv la disiplin nan te fèt la.

18.4.6 TEAM (ekip) lan ka detèminen yon chanjman nan plasman, avèk oswa san pèmisyon paran/moun ki responsab elèv la pou yon ka edikatif altènatif tanporè pou yon peryòd tan ki pa depase karanssenk (45) jou lekòl depi yo bay elèv la yon edikasyon piblik apwopriye gratis nan youn oswa plis nan sikonstans sa yo:

- a. yon elèv pote yon zam nan lekòl la oswa nan yon seremoni lekòl la;
- b. yon elèv ak tout konsyans li posede, itilize, vann oswa mande pou vann yon dwòg ilegal ak/oswa sibstans ki sou kontwòl pandan li nan lekòl la oswa nan yon seremoni lekòl la; oswa
- c. yon elèv koze domaj kòporèl grav sou yon lòt moun, pandan li nan lekòl la, sou pwopriyete lekòl la, oswa nan yon seremoni lekòl la. Yo dekri “Domaj kòporèl grav” pi preziman tankou li gen risk sibstansyèl pou lanmò, doulè fizik ekstrèm, defòmasyon ki dire lontan epi ki parèt byen klè oswa pèt oswa oswa deteryorasyon nan fonksyon yon pati nan kò moun, yon ògàn oswa fakilte mantal ki dire lontan.

18.4.7 Lekòl la ka chèche jwenn yon lòd nan men Biwo pou Apèl nan Edikasyon Espesyal nan Depatman Edikasyon nan Massachusetts, pou retire yon elèv pandan karanssenk (45) jou lekòl, pou mete li nan yon kad edikatif altènatif tanporè, si lekòl la detèminen si elèv la rete nan plasman kote li ye pou lemoman an, gen anpil chans pou elèv la owa lòt moun soufri domaj.

19.0 PRENSIP POU METE ELÈV DEYÒ – Zanm, Dwòg epi Atak

19.1 Lalwa yo te pase an 1993 pou Refòm nan Edikasyon nan Commonwealth Massachusetts fè konnen nenpòt elèv yo jwenn sou pwopriyete lekòl oswa nan yon evennman lekòl la sipòte, oswa yon evennman ki gen rapò ak lekòl la, menm si se nan yon match espòtif, epi elèv la an posesyon yon zam ki gen danje ladan oswa elèv la an posesyon sibstans ki sou kontwòl menm jan li defini nan Chapit 94, C, ladan yo gen alkòl, marijuana, kokayin, ewoyin, Direktè lekòl la ka mete elèv la deyò nan lekòl la oswa nan distrik lekòl la. Anplis, nenpòt elèv ki atake yon Direktè lekòl, yon Asistan Direktè, pwofesè, asistan pwofesè oswa lòt manm nan pèsònèl lekòl la sou pwopriyete lekòl la oswa nan yon evennman lekòl la sipòte, oswa evennman ki gen rapò ak lekòl la, menm nan match espòtif, Direktè lekòl la ka rekòmande pou mete elèv la deyò nan lekòl la oswa nan distrik lekòl la.

Kifè, prensip sa a plike pou posesyon zam ki gen danje ladan, posesyon dwòg, epi atak elèv fè sou anplwaye lekòl la.

19.2 Zam

Aksyon disiplinè pou ensidan ki gen rapò ak zam

Pote yon zam nan lekòl la, itilize yon zam sou pwopriyete lekòl la oswa nan yon aktivite lekòl la, oswa genyen yon zam nan amwa ou gen nan vestyè a, nan pòch ou, oswa pandan ou nan lekòl la, nan otobis la, oswa nan yon aktivite apre lekòl lage, se yon ofans grav epi li kont prensip ak règleman lekòl la. **Li kont lalwa tou.** Gen twa kalite zam:

- a. Sa ki **“legalman gen danje ladan yo”** epi ladan yo gen zam ki kont lalwa pou posede, tankou nenpòt bagay yo pote oswa itilize yon jan pou entimide moun oswa ak entansyon pou koze domaj pou yon lòt moun, yo konsidere yo kòm zam ki gen danje ladan. Nan “zam ki legalman gen danje ladan yo” genyen zam sa yo, men se pa yomenm sèlman:
 - i. nenpòt kalite zamafe, menm revòlvè BB ak fizi ki gen lè konprime
 - ii. nenpòt kouto tranchan doub, yon kanif oswa yon kouto ki gen yon resò otomatik, pou fè lam kouto a soti nan manch lan, nenpòt kouto oswa ponya,
 - iii. aks metalik, *nunchaku*, *shuriken*, oswa nenpòt lòt zam pwenti ki sanble avèk yo objè ki sanble ak zetwal epi ki fèt pou domaje yon moun lè yo voye li sou moun nan,
 - iv. matrak, pistolè ki gen lè ladan,
 - v. nenpòt bann yo mete nan bra epi ki fèt an kwi epi ki gen klou metalik ladan, pwent oswa kou gwo tèt, oswa nenpòt objè ki sanble avèk yo epi ki fèt ak nenpòt lòt sibstans,
 - vi. masi, gaz lakrimojèn, oswa nenpòt lòt sibstans ki rann yon moun paka fè anyen lè yo itilize yo, yon lòt moun.
 - vii. fedatifis oswa nenpòt kalite esplozif,
 - viii. nenpòt lòt zam konsa menm jan yon dekri nan Lalwa Jeneral nan Massachusetts, Chapit 269, Seksyon 10.
- b. **Lòt atik yo entèdi**, ki byenke yo pa defini yo kòm zam dapre Lalwa Jeneral nan Massachusetts, Chapit 269, Seksyon 10, men yo pa pèmèt yo sou pwopriyete lekòl la, nan evennman lekòl la sipòte epi/oswa nan

evennman ki gen rapò ak lekòl la, e menm nan match espòtif yo. Si yon elèv posede atik sa yo ki pa gen okenn itilite rezonab pou yon elèv nan lekòl la epi se atik yo pa pèmèt sou pwopriyete lekòl la, nan evennman lekòl la sipòte epi/oswa nan evennman ki gen rapò ak lekòl la, e menm nan match espòtif yo:

- i. nenpòt kalite kouto, ki gen nenpòt fòm oswa longè, menm pòtkle, kanif, kouto pou desen,
- ii. razwa ki gen nenpòt dimansyon,
- iii. razwa, kanif pou koupe bwat,
- iv. chenn, fwèt oswa nenpòt objè an metal ki pa gen okenn rezon akademik.

Lòt atik òdinè oswa objè yo itilize yon fason ki gen danje ladan oswa yon fason menasan. Si yon elèv itilize atik sa yo yon jan ki gen danje ladan oswa yon jan ki menasan, sa ka fè yo sispann elèv la oswa yo mete li deyò nan lekòl la.

Remak: Yo pa pèmèt okenn jwèt oswa okenn imitasyon zam , menm revòlvè ak kouto, sou pwopriyete lekòl la, nan evennman lekòl la sipòte epi/oswa nan evennman ki gen rapò ak lekòl la, e menm nan match espòtif. Yap konfiske atik sa yo epi sa ka fè yo sispann elèv la oswa yo mete elèv la deyò nan lekòl la si Direktè lekòl la oswa Asistan Direktè lekòl la detèminen elèv la vyole prensip sa a.

19.3 Abi dwòg

Prensip ki ekri pi ba la a se yon aksyon administrati Komite Lekòl Cambridge yo apwouve. Prensip sa yo pa la pou ranplase okenn lòt pwosedi legal ki ka fè Depatman Lapolis nan Cambridge oswa lòt ajans ki fè obsève lalwa mennen yon envestigasyon. Prensip sa a la pou ede anplwaye Depatman Lekòl Cambridge la, lè yap pran desizyon sou moun ki pa obsève prensip la epi ki pa dwe vyole dwa elèv yo dapre 603 CMR 28.00, chapit B nan Lalwa Jeneral nan Massachusetts, ak lòt lalwa ak règleman ki genyen nan eta Massachusetts.

Si yo jwenn nenpòt elèv sou pwopriyete lekòl la, oswa nan evennman lekòl la sipòte oswa evennman ki gen rapò ak lekòl la, menm nan match espòtif yo, an posesyon dwòg, menm jan yo defini nan Chapit C, ladan yo gen alkòl, marijuana, kokayin ewoyin, Direktè lekòl la ka mete elèv la deyò nan lekòl la oswa nan distik lekòl la, men san li pa limite nan mezi sa yo sèlman..

19.4 Definisyon abi dwòg

- a. Prezans dwòg ak/oswa ki gen danje ladan yo vle di yo

jwenn yon elèv nan yon zòn ki tou pre ak kote yo te itilize li, detekte li, oswa konfiske li, epi li pa fè okenn efò rezonab pou li kite zòn lan.

- b. Nan sikonstans apwopriye kote yon elèv sou enflisyans bwason ki gen alkòl ladan yo oswa dwòg pandan li nan lekòl la, Direktè lekòl la oswa moun/gwoup moun li chwazi a ka voye elèv la jwenn enfimyè oswa doktè a, epi li va avize paran oswa moun ki responsab elèv la, epi li va refere pwoblèm nan bay dirijan medikal ak/oswa legal ki apwopriye yo.
- c. Yo ankouraje elèv ki gen pwoblèm dwòg ak alkòl pou yo mande aisstans anplwaye lekòl la yo pou rezoud pwoblèm sa yo, epi yo va refere yo bay ajans vil/lasante ki apwopriye yo pou abi dwòg tretman ak sipò.
- d. Dapre jijman Direktè lekòl la, yo ka bay yon elèv konsa opòtinite epi yo ka ankouraje li pou li ale nan yon enstitisyon ki espesyalize nan tretman moun ki gen pwoblèm sa yo.
- e. Yap kenbe tout kominikasyon ki gen rapò ak pwoblèm sa yo konplètman an sekre.
- f. Pwosedi pou elèv ki an prezans dwòg:
 - i. Si li klè yon elèv te konnen gen yon moun ki tap pran, vann, afiche dwòg oswa alkòl epi elèv la pa fè okenn efò rezonab pou li soti kote a, elèv la ap gen yon sispansyon twa jou ansanm ak yon referans pou evalyasyon nan pwogram CASPAR pou aktivite lajounen an.
 - ii. Si administratè a detèminen gen ase prèv sikonstansyèl pou konfimen elèv la te prezan pou li patisipe nan pran dwòg oswa alkòl, elèv la va resevwa menm konsekans ak moun ki te pran dwòg la.
- g. Posesyon yon sibstans ki sou kontwòl vle di yon elèv gen dwòg nan pwopriyete pèsonèl li, oswa sou kontwòl li (amwa li gen nan vestyè) pandan li nan jirisdiksyon dirijan lekòl la.
- h. Itilizasyon dwòg vle di yo konnen pratikman yon elèv te pran dwòg la (pa egzanp bwè alkòl, pran kokayin, fimen marijuana, pran grenn, eksetera) oswa yo pratikman jwenn elèv la sou enfliyans sibstans lan padan li sou jirisdiksyon dirijan lekòl la yo. Itilizasyon an vle di tou pran dwòg yo vann ak preskripsyon san elèv la pa gen otorizasyon.
- i. Distribisyon yon sibstans konsa vle di transfè sibstans lan bay yon lòt moun ak oswa san echanj lajan oswa lòt objè valab pa fèt. Se prensip pou

mete elèv deyò a, ki aplikab pou posesyon, itilizasyon ak distribisyon yon dwòg.

19.5 Atak/menas sou anplwaye lekòl yo

Yo entèdi elèv yo atake, bat oswa anmède nenpòt anplwaye lekòl la. Yo ka defini konpòtman sa yo kòm: (1) fè espre pou koze domaj kòporèl sou yon lòt moun, an tout konsyans oswa ak ensousyans (2) fè espre epi an tout konsyans menase pou koze yon moun domaj kòporèl, oswa (3) fè espre oswa an tout konsyans koze kontak fizik ak yon lòt moun lè elèv la konnen oswa te dwe konnen lòt moun lan pral gade kontak la kòm yon bagay ki ofansif, pwovokan, oswa kreye yon laperèz rezonab pou danje rive byento.

Konsekans ki genyen pou atak yo se: (1) Yon sispansyon ki dire dis jou, epi yon odyans pou mete elèv la deyò, (2) depoze yon plent kriminel, epi (3) mete lapolis okouran.

Si nenpòt elèv atake yon Direktè lekòl, yon Asistan Direktè, Dwayen, pwofesè, asistan pwofesè oswa lòt manm nan pèsònèl lekòl la sou pwopriyete lekòl la oswa nan yon evennman lekòl la sipòte, oswa evennman ki gen rapò ak lekòl la, menm nan match espòtif, Direktè lekòl la ka mete elèv la deyò nan lekòl la oswa nan distrik lekòl la.

19.6 Pwosed

19.6.1 Lekòl elemantè K-8. Si yo jwenn yon elèv ak swa yon zam ki legalman gen danje ladan, oswa nenpòt lòt zam, oswa si elèv la ap itilize yon atik yon fason menasan, si elèv la atake, menase, bat anplwaye yo, atake anplwaye edikasyon yo sou pwopriyete lekòl la oswa nan evennman ki gen rapò ak lekòl la, oswa posede, distribiye, oswa nan kategori moun ki nan prezans, pinisyon an ap grav anpil. Men pwosed ki va aplike yo:

- a. Manm pèsònèl ki konsènen a, va kontakte Direktè lekòl la ak/oswa Asistan Direktè a.
- b. Direktè lekòl la va avize:
 - i. Direktè Pwoteksyon ak Sekirite a,
 - ii. paran oswa moun ki responsab yo pa telefòn, epi li va voye yon lèt siplemantè, epi si li nesèsè, yon lèt sètifye, epi
 - ii. prezidan direktè jeneral la.
- c. Direktè Pwoteksyon ak Sekirite a va voye yon rapò sou ensidan an bay Sipèyentandan an oswa moun/gwoup moun li chwazi a.
- d. Yo va retire elèv la sou pwopriyete lekòl la dapre dispozisyon ki pran nan seksyon 15.0 ki nan *Liv Dwa ak Responsablite* a.

- e. Lè yo vyole yon lalwa, Direktè Pwoteksyon ak Sekirite a va avize Lapolis Cambridge epi li va depoze yon plent nan Tribinal Distrit ki nan Middlesex County a, epi li va pran lòt aksyon ki apwopriye, si li nesesè.
- f. Direktè a va fè yon odyans pou sispansyon dapre dispozisyon ki gen nan seksyon 15.0 ak 16.0 nan *Liv Dwa ak Responsablite* a.
- g. Si Direktè lekòl la jwenn elèv la an vyolasyon prensip ki genyen sou zam yo, Direktè a va **SISPANN ELÈV LA IMEDYATMAN POU DE (2) A DIS (10) JOU TOUDEPANN DE NIVO KLAS ELÈV LA**, epi li va pran lòt aksyon disiplinè anplis menm jan li dekri pi ba la a:

| | |
|------------------|--------|
| Klas K - 1 | 2 jou |
| Klas 2yèm – 4yèm | 4 jou |
| Klas 5yèm – 6yèm | 8 jou |
| Klas 7yèm – 8yèm | 10 jou |

- h. Pandan peryòd sispansyon an, epi si sa Direktè lekòl la konstate a jistifye li, Direktè lekòl la dwe inisyè pwosedi pou fè yon odyans fòmèl pou mete elèv la deyò. Pou kòmanse pwosedi pou mete elèv la deyò a, direktè lekòl la dwe avize elèv la ak paran/moun ki responsab elèv la alekri, de opòtinite ki genyen pou yo fè yon odyans nan nivo lekòl la. Yo dwe bay avi pou odyans pou mete elèv la deyò nan lekòl la ann angle ak nan lang yo pale lakay elèv la, si li diferan. Avi a dwe site seksyon nan *Liv Dwa ak Responsablite* a yo vyole a ansanm ak detay ki gen rapò ak swadizan vyolasyon an, epi li dwe fè konnen elèv la gen yon dwa pou li gen reprezantasyon nan odyans lan ansanm ak opòtinite pou prezante prèv ak temwen epi yo va bay yon entèprèt, si li nesesè. **Nan ka elèv ki gen bezwen espesyal yo, yo ka pran yon aksyon konsa apre yon TEAM (ekip) detèminen konpòtman ki an kesyon an, pat yon manifestasyon andikap elèv la genyen an. Gade Seksyon 18.0 ki anwo a. Anplis, yon elèv ki gen bezwen espesyal dwe resevwa yon edikasyon piblik apwopriye gratis pandan peryòd espilasyon an. Gade Seksyon 18.0 ki anwo a.**

19.6.2 Moun kap fè konferans lan

Se Direktè lekòl la ki dwe fè odyans lan amwenke Direktè lekòl la se yon viktim oswa yon temwen, lè sa a se Asistan Direktè a oswa yon anplwaye ki nan pozisyon administratif, ki pa nan patipri, epi ki pa konekte dirèkteman ak ensidan an ki dwe fè odyans lan. Elèv la, paran/moun ki responsab elèv la ak/oswa reprezantan paran chwazi a, avoka elèv la, si li aplikab, ak lòt moun Direktè lekòl

ak/oswa moun/gwoup moun li chwazi a ak/oswa moun/gwoup moun elèv la mande a va prezans nan odyans lan.

- a. Akizasyon yo Ofisye odyans la va fè konnen ki akizasyon ki genyen yo epi li va detèminen si elèv la konprann yo.
- b. Temwen yo. Si elèv la diskite akizasyon yo, yo va voye rele moun ki gen enfòmasyon sou swadizan ensidan an. Tout temwen kap bay temwayaj yo dwe parèt an pèsòn nan odyans lan, eksepte (i) nan ka temwayaj ekspè yo, tankou prèv balistik, oswa analiz dwòg, oswa (ii) elèv ki temwen si Direktè lekòl la ak/oswa moun/gwoup moun li chwazi a detèminen idantifikasyon elèv ki temwen yo va mete sekirite fizik elèv ki temwen yo nan danje.

19.6.3 Si apre odyans lan, Direktè lekòl la deside pou li mete elèv la deyò nan lekòl la, Direktè lekòl la dwe voye avi alekri bay elèv la ak bay paran/moun ki responsab elèv la sou rezon ki fè li pran desizyon an. Yon avi konsa dwe fè elèv la konnen dwa li genyen pou li prezante yon apèl alekri devan Sipèyentandan an oswa moun/gwoup moun Sipèyentandan an chwazi a anvan dis (10) pase sou dat li resevwa avi ki fè li konnen desizyon pou mete li deyò nan lekòl la, epi dwa li genyen pou li gen avoka ki reprezante li nan apèl la.

19.6.4 Nan odyans ki fèt devan Sipèyentandan oswa moun/gwoup moun li chwazi a, yo pa dwe limite sijè apèl la sèlman pou detèminen detay sou si elèv la vyole nenpòt dispozisyon yo pran nan *Liv Dwa ak Responsablite* a.

Lè yo mete yon elèv deyò dapre dispozisyon ki genyen nan prensip sa a epi elèv la fè aplikasyon nan yon lòt lekòl, Sipèyentandan sistèm lekòl ki mete elèv la deyò a oswa moun/gwoup moun li chwazi a dwe fè Sipèyentandan sistèm lekòl, kap pran elèv la oswa moun/gwoup moun li chwazi a konnen rezon ki fè yo mete elèv la deyò a.

19.6.5 Lekòl segondè Klas 9yèm – 12yèm. Si yo jwenn yon elèv ak swa yon zam ki legalman gen danje ladan, oswa nenpòt lòt zam oswa si elèv la ap itilize yon atik yon jan ki menasan, li atake, menase, bat anplwaye lekòl la, li atake anplwaye edikasyon yo, sou pwopriyete lekòl la oswa nan evennman ki gen rapò ak lekòl la, oswa li posede, ditribiye oswa nan kategori an prezans lan, pinisyon an ap grav anpil. Men pwosedi ki va aplike yo:

- a. Manm pèsònèl ki konsènen an va kontakte Dwayen an.
- b. Dwayen an va avize:
 - i. Direktè Pwoteksyon ak Sekirite a,
 - ii. Direktè Cambridge Rindge ak Latin School la,
 - iii. paran oswa moun ki responsab elèv la pa telefòn, epi li va voye yon lèt sipleman, epi si li nesèsè yon lèt sètifye.

- c. Direktè Pwoteksyon ak Sekirite a va avize Direktè lekòl la ak Sipèyentandan an oswa moun/gwoup moun yo chwazi a, yo va voye yon kopi rapò sou ensidan an bay Direktè lekòl la epi bay Sipèyentandan an oswa moun/gwoup moun yo chwazi a nan fen jounen lekòl la.
- d. Yo va retire elèv la sou pwopriyete lekòl la dapre dispozisyon ki pran nan seksyon 15.0 ki nan *Liv Dwa ak Responsablite a*.
- e. e. Lè yo vyole yon lalwa, Direktè Pwoteksyon ak Sekirite a va avize Lapolis Cambridge epi li va depoze yon plent nan Tribinal Distrit ki nan Middlesex County a, epi li va pran lòt aksyon ki apwopriye, si li nesèsè.
- f. Direktè a va fè yon odyans pou sispansyon dapre dispozisyon ki gen nan seksyon 15.0 ak 16.0 nan *Liv Dwa ak Responsablite a*.
- g. Si Direktè lekòl la jwenn elèv la an vyolasyon prensip ki genyen sou zam yo,
Direktè lekòl la va **SISPANN ELÈV LA IMEDYATMAN POU DIS (10) JOU** epi yo va pran lòt aksyon disiplinè anplis, menm jan yo presize pi ba la a. Yo va voye kopi lèt sispansyon an bay Prezidan Direktè Jeneral la, Direktè lekòl la, sekirite, ak konseye a.
- h. Pandan peryòd sispansyon an epi si sa Direktè lekòl la konstate a jistifye li, Direktè lekòl la va kòmanse pwosedi pou yon odyans fòmèl pou mete elèv la deyò. Pou kòmanse pwosedi pou mete elèv la deyò a, Direktè lekòl la dwe fè elèv la ak paran/moun ki responsab elèv la konnen alekri gen yon opòtinite pou yo fè yon odyans nan nivo lekòl la. Yo dwe voye avi pou mete elèv deyò a alekri ann angle epi nan lang yo pale lakay elèv la, si li diferan. Avi a dwe site seksyon nan *Liv Dwa ak Responsablite a* yo vyole a ansanm ak detay ki gen rapò ak swadizan vyolasyon an, epi elèv la gen yon dwa pou li gen reprezantasyon nan odyans lan ansanm ak opòtinite pou li prezante prèv ak temwen epi yap bay yon entèprèt, si li nesèsè. **Men, nan ka elèv ki gen bezwen espesyal yo, yo ka pran yon aksyon konsa sèlman apre yon TEAM (ekip) detèminen konpòtman ki an kesyon an pat yon manifestasyon andikap elèv la. Gade Seksyon 18.0 ki anwo a. Anplis, yon elèv ki gen bezwen espesyal dwe resevwa yon edikasyon piblik apwopriye gratis pandan nenpòt peryòd kote yo mete yon elèv deyò. Gade Seksyon 18.0 ki anwo a.**

Moun kap fè konferans lan

Se Direktè lekòl la ki dwe fè odyans lan amwenke Direktè lekòl la se viktim lan oswa yon temwen, lè sa a se Asistan Direktè a oswa lòt anplwaye ki nan pozisyon administratif ki pa nan patipri epi ki pa konekte dirèkteman ak ensidan an ki dwe fè odyans lan. Nan odyans lan, se elèv la, paran/moun ki responsab elèv la a k/oswa moun/gwoup moun li chwazi a epi/oswa moun/gwoup moun elèv la mande a dwe prezan.

a. Akizasyon yo. Ofisye odyans la va fè konnen ki akizasyon ki genyen yo epi li va detèminen si elèv la konprann yo.

b. Temwen yo. Si elèv la diskite akizasyon yo, yo va rele moun ki gen enfòmasyon sou swadizan ensidan an. Tout temwen kap bay temwayaj yo dwe parèt an pèsòn nan odyans lan eksepte (i) nan ka temwayaj espè yo tankou prèv balistik oswa analiz dwòg, oswa (ii) elèv ki temwen (yo) si Direktè lekòl la ak/oswa moun/gwoup moun li chwazi yo detèminen idantifikasyon elèv ki temwen yo va mete sekirite fizik elèv ki temwen yo nan danje.

Si apre odyans lan, Direktè lekòl la deside pou li mete elèv la deyò nan lekòl la, Direktè lekòl la dwe voye avi alekri bay elèv la ak paran/moun ki responsab elèv la sou rezon ki fè li pran desizyon an. Apre odyans lan, Direktè lekòl la ka deside pou li sispann elèv la epi refere li nan pwogram altènatif olye pou li mete elèv la deyò. Yon avi konsa dwe fè elèv la konnen dwa li genyen pou li prezante yon apèl alekri devan Sipèyentandan an oswa moun/gwoup moun Sipèyentandan an chwazi a anvan dis (10) pase sou dat li resevwa avi ki fè li konnen desizyon pou mete li elèv la deyò nan lekòl la, epi dwa li genyen pou li gen avoka ki reprezante li nan apèl la.

19.6.7 Nan odyans ki fèt devan Sipèyentandan an oswa moun/gwoup moun li chwazi a, yo pa dwe limite sijè apèl la sèlman sou detèminasyon detay ki fè konnen si elèv la te vyole nenpòt nan dispozisyon ki nan *Liv Dwa ak Responsablite* a.

20.0 KONPÒTMAN DEYÒ LEKÒL LA

20.1 Seksyon 37H½ nan chapit 71 nan Lalwa Jeneral nan Massachusetts pèmèt Direktè yon lekòl sispann yon elèv yo akize de yon gwo krim oswa yon elèv yo ka pote yon plent pou delenkans pou li pou yon gwo krim, kèlkeswa lè swadizan konpòtman an te fèt nan lekòl la oswa an koneksyon ak aktivite ki gen rapò ak lekòl la, si Direktè a detèminen si elèv la kontinye vin nan lekòl la sa ta gen yon efè detrimantal sibstansyèl sou byennèt lekòl la anjeneral. Seksyon 37H½ pèmèt Direktè lekòl la tou pou li mete deyò nan lekòl la yon elèv yo kondane oswa ki admèt li koupab pou yon gwo krim oswa pou delenkans pou yon gwo krim, si Direktè lekòl la detèminen si elèv la kontinye vin nan lekòl la, sa ta gen yon efè detrimantal sibstansyèl sou byennèt lekòl la anjeneral.

Nan ka elèv ki gen bezwen espesyal yo, yo ka pran yon aksyon konsa apre yon TEAM (ekip) detèminen konpòtman ki an kesyon an pat yon manifestasyon andikap elèv la genyen an. *Gade Seksyon 18.0* ki anwo a.

Anplis, yon elèv ki gen bezwen espesyal dwe resevwa yon edikasyon piblik apwopriye gratis pandan peryòd yo mete elèv la deyò nan lekòl la. Gade Seksyon 18.0 ki anwo a.

20.2 Men pwosedi pou yo swiv konsènan odyans pou sispansyon endefini ak/oswa pou mete elèv deyò nan lekòl dapre dispozisyon ki genyen nan M.G.L.c. 71, §37H½:

a. Pandan nenpòt peryòd sispansyon pou 10 jou oswa mwens, si Direktè lekòl la detèminen konpòtman an jistifye inisyasyon swa yon sispansyon endefini oswa mete elèv la deyò nan lekòl la, lè sa a Direktè lekòl la dwe avize elèv la ak paran/moun ki responsab elèv la alekri sou opòtinite ki genyen pou yo fè yon odyans nan nivo lekòl la. Yo dwe bay avi sou odyans lan alekri ann angle ak nan lang yo pale lakay elèv la, si li diferan. Avi a dwe site seksyon nan *Liv Dwa ak Responsablite* a yo vyole a ansanm ak detay ki gen rapò ak swadizan vyolasyon an, epi li dwe fè konnen elèv la gen yon dwa pou li gen reprezantasyon nan odyans lan ansanm ak opòtinite pou prezante prèv ak temwen epi yo va bay yon entèprèt, si li nesèsè. **Nan ka elèv ki gen bezwen espesyal yo, yo ka pran yon aksyon konsa apre yon TEAM (ekip) detèminen konpòtman ki an kesyon an pat yon manifestasyon andikap elèv la genyen an. Gade Seksyon 18.0 ki anwo a. Anplis, yon elèv ki gen bezwen espesyal dwe resevwa yon edikasyon piblik apwopriye gratis pandan peryòd espilasyon an. Gade Seksyon 18.0 ki anwo a.**

b. Moun kap fè konferans lan

Se Direktè lekòl la ki dwe fè odyans lan amwenke Direktè lekòl la se viktim la oswa yon temwen, lè sa a se Asistan Direktè a oswa yon anplwaye ki nan pozisyon administratif, ki pa nan patipri, epi ki pa konekte dirèkteman ak ensidan an ki dwe fè odyans lan. Elèv la, paran/moun ki responsab elèv la ak/oswa reprezantan paran chwazi a, avoka elèv la, si li aplikab, ak lòt moun Direktè lekòl ak ak/oswa moun/gwoup moun li chwazi a ak/oswa moun/gwoup moun elèv la mande a va prezan nan odyans lan.

i. Akizasyon yo Ofisye odyans lan va fè konnen ki akizasyon ki genyen yo epi li va detèminen si elèv la konprann yo.

ii. Temwen yo. Si elèv la diskite akizasyon yo, yo va voye rele moun ki gen enfòmasyon sou swadizan ensidan an. Tout temwen kap bay temwayaj yo dwe parèt an pèsòn nan odyans lan, eksepte (i) nan ka temwayaj espè yo tankou prèv balistik oswa analiz dwòg, oswa (ii) elèv ki temwen yo si Direktè lekòl la ak/oswa moun/gwoup moun li chwazi a detèminen idantifikasyon elèv ki temwen yo va mete sekirite fizik elèv ki temwen yo nan danje.

Si apre odyans lan, Direktè lekòl la deside pou li mete elèv la deyò nan lekòl la, Direktè lekòl la dwe voye yon avi alekri bay elèv la ak paran/moun ki responsab elèv la konsènan rezon pou desizyon yo pran an. Yon avi konsa dwe fè elèv la konnen dwa li genyen pou li prezante yon apèl alekri devan Sipèyentandan an oswa moun/gwoup li chwazi a avan senk (5) jou pase sou jou yo resevwa avi sou desizyon pou mete elèv la deyò a, epi dwa elèv la genyen pou li gen avoka ki reprezante li nan apèl la.

21.0 POU METE ELÈV DEYÒ

Men dispozisyon ki aplike pou tout bagay eksepte pou sa ki gen rapò zam, dwòg epi atak. (Seksyon 19.0) epi sa ki gen rapò ak sispanasyon endefini ak mete elèv deyò dapre dispozisyon ki pran nan M.G.L.c. 71, §37H¹/₂ (Seksyon 20.0).

21.1 Direktè lekòl la ka rekòmande bay Sipèyentandan an oswa moun/gwoup moun li chwazi a pou yo mete yon elèv deyò nan lekòl la pou vyolasyon ki gen yon nati grav menm jan li ekri pi ba la a (Seksyon 21.2). Yo dwe defini mete yon elèv deyò tankou pa kite li jwenn espikasyon nan salklas regilye epi pa kite li patisipe nan aktivite lekòl la yo pou tout tan.

Kantite tan yo mete yon elèv deyò nan lekòl la pa dwe depase fen ane lekòl kote zak egzak ki fè yo mete elèv la deyò te fèt la. Nenpòt elèv yo mete deyò pandan premye semès nan ane lekòl la dwe fè Direktè lekòl la ak Sipèyentandan an oswa moun/gwoup moun yo chwazi a revize mete deyò a otomatikman anvan kòmansman dezyèm semès la. Yo va rebran elèv yo te mete deyò a si gen anpil amelyorasyon nan konpòtman li.

21.2 Direktè lekòl la ka mete yon elèv deyò sèlman si:

- a. prezans elèv la ki kontinye nan lekòl la reprezante yon danje pou sekirite fizik lòt yo, oswa
- b. konpòtman elèv la tounen yon dezòd kontinyèl, materyèl epi sibstansyèl pou pwosesis edikatif la, epi
- c. yo eseye tout lòt altènatif disiplinè epi yo jije yo pa mache.

21.3 Si Direktè lekòl la rekòmande pou yo mete elèv la deyò, Direktè lekòl la dwe voye yon avi pa lapòs bay elèv la ak paran/moun ki responsab elèv la. Yon avi konsa dwe ekri nan lang paran/moun ki responsab elèv la pale a epi ann angle tou epi landan li dwe genyen, si li aplikab :

- a. Yon deklarasyon Direktè lekòl la ki rekòmande pou mete elèv la deyò nan lekòl la,
 - b. Kantite tan yap rekòmande pou yo mete elèv la deyò a;
 - c. Yon deskripsyon konplè sou règleman elèv la swadizan vyole a ;
 - d. Yon deklarasyon konplè sou detay ki fè yo rekòmande pou mete elèv la deyò a, menm jan Direktè a konnen an,
 - e. Yon deklarasyon sou dwa elèv la genyen yo, ladan li dwe gen dwa pou egzminen dosye li yo, dwa pou li gen paran/moun ki responsab li a, avoka oswa reprezantan prezan, dwa pou li kenbe silans li, dwa pou li prezante ka li a, dwa pou li jwenn yon kopi dosye a, dwa pou li al nan apèl, epi dwa pou li gen aksè nan prèv ki dokimante anvan odyans lan. Anplis, elèv la oswa paran/moun ki responsab elèv la ka mande pou yo anrejistre reyinyon an sou tep epi pou yo entèprete pwosedi a nan lang matènèl paran/moun ki responsab elèv la.
 - f. Yon deklarasyon ki fè konnen elèv la ka ale lekòl ann atandan odyans pou mete li deyò nan lekòl la, amwenke Direktè lekòl la oswa moun/gwoup moun li chwazi a pase lòd pou sispann elèv la tanporèman ann atandan odyans lan, epi nan ka sa a, avi a dwe obsève prensip ki etabli nan Seksyon 21.4 la.
 - g. Yon deklarasyon ki fè paran/moun ki responsab elèv la konnen yo gen dwa pou yo jwenn yon referans pou evalyasyon pou edikasyon espesyal si paran an panse elèv la ka bezwen sèvis edikasyon espesyal.
- 21.4 Sipèyentandan an oswa moun/gwoup moun li chwazi a oswa Direktè lekòl la dwe pase lòd pou gen yon sispansyon nan kadijans ann atantan odyans la sèlman si youn oswa toude gen jistifikasyon rezonab pou yo kwè sekirite fizik elèv la oswa lòt yo ka oswa pral nan danje, oswa si prezans elèv la ki kontinye nan lekòl la ta detrimantal pou pwosesis edikatif la kontinye nan lòd nan lekòl la.

22.0 ESKLIZYON

- 22.1 Yo pa ka anpeche okenn elèv vin lekòl la envolontèman nan okenn fason oswa pou okenn kantite tan eksepte dapre pwosedi ki genyen nan Kòd sa a amwenke elèv la gen yon maladi kontajye oswa lòt maladi ki poze danje pou lasante piblik, oswa li pa bay sètifikasyon sou vaksinasyon li, epi nan ka sa a, yo dwe avize paran/moun ki responsab elèv la imedyatman epi yo dwe voye elèv la lakay li.
- 22.2 Si yon elèv ki gen sèz (16) an oswa plis, epi li chwazi pou li kite lekòl la volontèman, anvan sèt (7) jou pase apre elèv la sispann vin lekòl la, Direktè lekòl la oswa moun/gwoup moun li chwazi a dwe voye yon avi alekri bay paran/moun

ki responsab elèv la ni nan lang matènèl paran/moun ki responsab elèv la ni ann angle pou mande pou elèv la ansam ak paran/moun ki responsab elèv la rankontre ak Direktè lekòl la anvan elèv la kite lekòl la pou tout tan.

- 22.3 Entèvyou pou soti. Si li nesèsè, yo dwe voye yon lèt sètifye pa lapòs. Objektif yon reyinyon konsa dwe pou revize rezon ki fè elèv la kite lekòl la, dosye elèv la ak plan elèv la genyen pou edikasyon nan lavni oswa plan elèv la genyen pou travay, epi pou detèminen si elèv la ap kite lekòl la de bon gre, si pa gen okenn dirijan oswa anplwaye lekòl la kap mete fòs oswa presyon sou elèv la pou li kite lekòl la.
- 22.4 Si paran/moun ki responsab elèv la oswa elèv la pa bay repons pou yon entèvyou pou soti lekòl la anvan dis (10) jou lekòl pase, Direktè lekòl la oswa moun/gwoup moun li chwazi a va voye yon nòt bay paran/moun ki responsab elèv la pou fè li konnen yo ka retire elèv la sou lis lekòl la.
- 22.5 Yo pa dwe pran seksyon sa a tankou li eliminen pou tout tan yon elèv ki vle rekòmanse edikasyon li yon lòt tan ki pita. Elèv la ka tounen nan lekòl la nan kòmansman nenpòt semès ki vini apre, anvan elèv la gen venteyen (21) ane, si li fè yon aplikasyon alekri devan Direktè lekòl la pou li mande yon konferans pou li rantre nan lekòl la ankò.
- 22.6 Direktè lekòl la ak/oswa Asistan Direktè a, dapre règleman Depatman Edikasyon nan Eta a etabli yo, dwe kenbe yon dosye pou chak elèv ki kite lekòl pou yon peryòd yon mwa (1) konsekitif oswa pi plis, kit se paske yo mete li deyò, yo anpeche li rantre, maladi, li kite lekòl la volontèman kit se pou nenpòt lòt rezon. Yon dosye konsa dwe gen non, laj, ras, sèks, nivo klas la, dat elèv la sispann vin lekòl la regilyèman epi rezon ki fè elèv la sispann vin lekòl la. Direktè lekòl la oswa Asistan Direktè a dwa voye yon rapò anyèl bay Sipèyentandan an oswa moun/gwoup moun li chwazi a epi bay Komite Lekòl la, epi rapò a dwe gen yon rezime sou elèv ki kite lekòl la pou yon peryòd yon (1) mwa oswa pi plis, men rapò a pa dwe devwale idantite okenn elèv.

23.0 DWA POU ODYANS POU RETABLI DWA YO REFIZE BAY ELÈV

- 23.1 Si yon elèv ak/oswa paran/moun ki responsab elèv la kwè yon dirijan oswa yon anplwaye Depatman Lekòl la refize bay elèv la nenpòt nan dwa ki etabli nan Kòd sa a epi si elèv la oswa paran/moun ki responsab elèv la pa ka rezoud pwoblèm nan apre yo fin eseye de bòn fwa pou yo itilize mwayen enfòmèl yo an kolaborasyon ak Direktè lekòl la oswa lòt dirijan lekòl la, elèv la oswa paran/moun ki responsab elèv la dwe gen dwa pou yo depoze yon plent alekri devan Sipèyentandan an oswa moun/gwoup moun li chwazi a oswa Prezidan Direktè Jeneral la. Plent alekri a dwe fè konnen ki pwoblèm ki genyen an, epi li dwe bay ki dwa prezizeman yo refize bay elèv la, epi li dwe gen yon ti deklarasyon brèf sou detay yo ak sou demann espesyal yap chèche a.

- 23.2 Amwenke apre envestigasyon an Sipèyentandan an oswa moun/gwoup moun li chwazi a oswa Prezidan Direktè Jeneral la detèminen akizasyon an pa chita sou anyen epi li pa gen merit oswa amwenke Sipèyentandan an oswa moun/gwoup moun li chwazi oswa Prezidan Direktè Jeneral la ka rezoud pwoblèm nan pou satisfè moun ki afekte a anvan sèt (7) jou lekòl pase apre yo te resevwa plent alekri a, Sipèyentandan an oswa moun/gwoup moun li chwazi a oswa Prezidan Direktè Jeneral la dwe voye yon avi pa lapòs bay Direktè lekòl la, bay anplwaye depatman lekòl la yo nonmen nan plent lan, si genyen, epi bay elèv la ak paran/moun ki responsab elèv ki te pote plent lan. Nan avi sa dwe genyen:
- a. Lè ak kote konferans lan ap fèt la pa pi ta pase dis (10) jou apre yo resevwa plent lan, eksepte nenpòt nan moun yo ka mande pou yo ranwaye dat odyans lan pou jiskapre senk (5) jou lekòl pou yo ka prepare pou odyans lan.
 - b. Yon deklarasyon sou pwoblèm nan menm jan yo di nan plent ekri a,
 - c. Yon deklarasyon konplè sou detay ki fè yo pote akizasyon an, menm non temwen yo,
 - d. Yon deklarasyon sou solisyon yo mande a;
 - e. yon deklarasyon sou dwa tout moun yo , epi ladan li dwe gen dwa pou yo genyen yon avoka oswa yon lòt moun pou reprezante yo nan konferans lan, pou prezante temwen ak prèv epi pou poze temwen opozan yo kesyon.
- 23.3 Konferans lan dwe konfòme li a prensip sa yo:
- a. Konferans lan dwe fèt devan Sipèyentandan an oswa moun/gwoup li chwazi a;
 - b. Yo dwe fè konferans lan nan sesyon fèmèn epi yo dwe fè li enfòmèlman;
 - c. Tout moun gen dwa pou yo gen avoka oswa yon lòt moun yo chwazi pou reprezante yo;
 - d. Tout moun ka egzaminen dosye lekòl la epi tout lòt dokiman ki gen rapò ak plent lan;
 - e. Yo dwe pèmèt tout moun poze tout temwen yo kesyon;
 - f. Tout moun dwe gen dwa pou prezante temwen ak prèv ;
 - g. Sipèyentandan an oswa moun/gwoup moun li chwazi a ka fè konseye legal reprezante yo swa pou yo ka aji kòm avoka pou nenpòt anplwaye lekòl la oswa pou yo ka bay Sipèyentandan an oswa moun/gwoup moun li chwazi

a konsèy pandan konferans lan ap fèt la. Nenpòt avoka ki bay Sipèyentandan an oswa moun/gwoup moun li chwazi a konsèy pandan konferans lan ap fèt la pa ka aji kòm avoka anplwaye lekòl la tou.

- 23.4 Sipèyentandan an oswa moun/gwoup moun li chwazi a dwe detèminen si yo te refize bay elèv la dwa espesyal ki etabli nan plent ki fèt alekri a. Si Sipèyentandan an oswa moun li chwazi a detèminen gen yon dwa yo refize bay elèv la vrèman; li dwe rekòmande nenpòt solisyon apwopriye ki nesèsè pou garanti yap sispann refize elèv la dwa sa yo imedyatman epi pou tout tan.
- 23.5 Malgre dispozisyon ki genyen nan seksyon sa a, yon elèv ka itilize pwosesis ki etabli pou plent nan Lekòl Piblik Cambridge yo. “Prensip kont anmèdman ak kont anmèdman seksyèl” la chèche rezolizyon pou nenpòt plent yo pote pou diskriminasyon oswa anmèdman ki baze sou yon karakteristik lalwa pwoteje tankou sèks, ras, koulè, zansèt, orijin nasyonal, etnisite, relijyon, laj, enfimite, eta sivil oswa oryantasyon seksyèl.
- 23.6 Kenpòt pati ki pa renmen desizyon ak rekòmandasyon Enspektè a oubyen moun ki nome a dwe genyen dwa pou fè apèl devan Komite Lekòl la. Dwa pou fè apèl sa, sepandan, pap aplike sou desizyon oubyen rekòmandasyon Enspektè a ke lwa Eta a fè konnen ke se Enspektè a ki gen dwa tandè apèl final la. Yo dwe depoze demann apèl la nan Komite Lekòl la nan mwens ke senk (5) jou apre yo resevwa desizyon Enspektè a.
- 23.7 Komite Lekòl la dwe revize konklizyon ak rekòmandasyon Enspektè a pou detèmine si te genyen ase prèv ke privasyon prezime dwa a te rive epi sanksyon yo bay la apwopriye a privasyon an.

24.0 LIV ESPLIKASYON POU ELÈV YO

Gen Kòd pou Konpòtman anplis ki ekri nan Liv Esplikasyon pou Elèv Cambridge Rindge akd Latin School la, Liv Esplikasyon pou Elèv Lekòl Elemantè a, epi nan chak liv esplikasyon pou elèv lekòl elemantè. Tout elèv CRLS ak elèv elemantè, paran ak anplwaye dwe konsilte liv esplikasyon sa yo pou enfòmasyon anplis konsènan règ enpòtan sou lavi elèv yo.

Apandis A

23.01: Aplikasyon Dwa yo

Yo te fòmile atik 603 CMR 23.00 pou yo ka garanti dwa paran ak elèv genyen pou konfidansyalite, enspeksyon, modifikasyon ak destriksyon dosye elèv, epi pou ede sistèm lekòl lokal adere ak lalwa a. Yo fèt pou entèprete atik 603 CMR 23.00 liberalman pou objektif sa yo.

(1) Dwa sa yo fèt pou vin tounen dwa elèv la yon fwa li rive gen laj 14 an oswa lè li rantr lan klas nevyèm, kèlkeswa sa ki fèt anvan an. Si yon elèv poko gen 14 epi li poko rantr nan klas nevyèm, se paran elèv la ki gen dwa sa yo.

(2) Si yon elèv gen ant 14 an ak 17 an oswa si li gen tan rantr nan klas nevyèm, ni elèv la ni paran li, oswa nenpòt ladan yo dwe egzèse dwa sa yo pandan yap aji poukont yo.

(3) Si yon elèv gen 18 an oswa pi plis, limenm poukont li, dwe egzèse dwa sa yo, dapre enfòmasyon ki pi ba la yo. Paran an ka kontinye egzèse dwa sa yo jiskaske elèv la fè konnen li limite yo. Yon elèv konsa ka fè yon demann pa ekri devan direktè lekòl la oswa devan sipèyendantan lekòl yo pou li ka limite dwa ak dispozisyon paran li genyen dapre atik 603 MCR 23.00, eksepte dwa paran li genyen pou egzaminen dosye elèv la, epi direktè lekòl la ak sipèyendantan lekòl yo dwe onore demann sa a epi yo dwe kenbe yon kopi demann lan nan dosye elèv la. Dapre atik M.G.L.c.71, Seksyon 34E, paran yon elèv ka egzaminen dosye elèv la kèlkeswa laj elèv la.

(4) Malgre dispozisyon ki genyen nan atik 603 CMR 23.01(1) ak 23.01(2), yo pa fèt pou entèprete anyen tankou li vle di yon komite lekòl pa ka pase dwa atik 603 CMR 23.00 yo bay yon elèv ki poko gen 14 an oswa bay elèv ki poko rantr nan klas nevyèm.

23.02: Definisyon mo yo

Wap jwenn definisyon mo diferan yo itilize nan atik 603 CMR 23.01 pi ba la a:

Aksè vle di egzaminen oswa kopye tout dosye yon elèv oswa yon pati nan dosye yon elèv.

Anplwaye lekòl ki gen otorizasyon dwe fòme ak twa gwoup:

(a) Administratè lekòl yo, pwofesè yo, konseye yo ak lòt pwofesyonèl komite lekòl la anplwaye yo oswa ki bay sèvis pou elèv la dapre yon akò ant komite lekòl la ak yon moun ki bay sèvis, epi kap travay dirèkteman ak elèv la nan yon kad administratif, ansèyman, konsèy ak/oswa dyagnostik. Nenpòt nan anplwaye sa yo komite lekòl la pa anplwaye dirèkteman dwe gen aksè nan enfòmasyon ki nan dosye elèv la sèlman si enfòmasyon an egzijib pou yo ka fè travay yo.

(b) Anplwaye biwo administratif la ak anplwaye ki fè travay nan biwo yo, menm operatè machin tretman done yo oswa operatè ekipman ki pwodwi mikwofilim/mikwofich yo, swa komite lekòl la anplwaye yo oswa ki anplwaye dapre yon kontra pou sèvis ak komite lekòl la, epi ki gen travay ki mande pou yo gen aksè nan dosye elèv yo pou yo ka trete enfòmasyon pou dosye elèv la. Anplwaye sa yo dwe gen aksè sèlman nan enfòmasyon ki nan dosye elèv la ki egzijib pou yo fè travay yo.

(c) Ekip Evalyasyon an ki evalye yon elèv.

Elèv ki kalifye vle di nenpòt elèv ki gen 14 an oswa plis oswa ki rantr nan klas 9^{yèm}, amwenke si komite lekòl la pou li mete atik 603cCMR 23.01(4) ann aplikasyon, li pase dwa ak dispozisyon ki genyen nan atik 603 CMR 23.00 la bay elèv ki poko gen 14 an oswa bay elèv ki poko rantr nan klas 9^{yèm}.

Ekip Evalyasyon vle di ekip ki evalye timoun ki gen laj pou ale lekòl dapre atik M.G.L.c.71B(St.1972, c. 766) ak atik 603 CMR 28.00.

Paran vle di papa oswa manman yon elèv, oswa moun ki responsab elèv la, oswa moun oswa ajans ki legalman otorize pou aji nan non elèv la, nan plas oswa ansanm ak papa a, manman an oswa moun ki responsab la. Yo konsidere nenpòt paran ki dapre yon lòd tribinal pa gen gad fizik elèv la, kòm yon paran ki pa gen gad timoun lan dapre objektif atik M.G.L.c. 71, § 34H ak atik 603 CMR 23.00 yo. Sa vle di paran ki dapre lòd tribinal pa rete menm kote ak elèv la oswa pa sipèvize elèv la, menm pandan yon ti peryòd tan tou kout.

Otorizasyon pou bibliye vle di revelasyon tout enfòmasyon an nèt oswa yon pati nan enfòmasyon ki nan dosye yon elèv swa aloral oswa alekri.

Timoun ki gen laj pou al lekòl epi ki gen bezwen espesyal dwe gen menm definisyon ak sa yo bay nan atik M.G.L. c. 71B(St, c. 766) ak atik 603 CMR 28.00 la.

Komite lekòl dwe gen yon komite lekòl, yon konsèy pou administrasyon yon lekòl ki gen yon komite lekòl ak yon gwoup pwofesè ak paran ki dirije li san leta pa mele, yon konsèy pou administrasyon pou yon lekòl vokasyonèl teknik, yon komite egzekitif nan yon kolaborasyon edikasyonèl ak konsèy administratif yon lekòl prive ki apwouve dapre atik M.G.L. c.71B (Chapit 766).

Elèv vle di nenpòt moun ki enskri oswa ki te enskri anvan sa nan yon lekòl piblik elemantè oswa segondè oswa nenpòt moun ki gen twazan oswa pi plis yon komite lekòl kenbe enfòmasyon sou li. Jan yo itilize mo a nan atik 603 CMR 23.00 la, yo pa mete ladan yon moun yon komite lekòl kenbe enfòmasyon ki gen rapò ak dosye travay sèlman sou moun nan si moun nan te travay pou komite lekòl la.

Nan **dosye elèv la** gen relvenòt la ak dosye tanporè a, epi ladann gen tout enfòmasyon yo anrejistre ansanm ak tep konpitè, mikwofil, mikwofich, oswa nenpòt lòt materyèl kèlkeswa fòm fizik oswa karakteristik li genyen yo, ki gen rapò ak elèv la epi ki òganize dapre non elèv la oswa yon jan pou yo ka idantifye elèv la endividyèlman, epi se lekòl piblik nan Commonwealth la ki kenbe yo. Jan yo itilize mo a nan atik 603 CMR 23.00 a, li vle di tout enfòmasyon ak materyèl kèlkeswa kote yo ye a, eksepte pou enfòmasyon ak materyèl yo presize ki dispans nan atik 603 CMR 23.04.

Nan **dosye tanporè** gen tout enfòmasyon ki nan dosye elèv la men ki pa nan relvenòt la. Enfòmasyon sa klèman dwe gen enpòtans li nan pwosesis edikatif la. Yon enfòmasyon konsa ka gen ladan rezilta egzamen estandadize, plas nan klas (lè sa aplike) aktivite an deyò lekòl, ak evalyasyon pwofesè, konseye ak lòt anplwaye lekòl la yo fè.

Tyès pèsòn vle di nenpòt moun oswa ajans prive oswa piblik, otorite, oswa òganizasyon ki pa elèv ki kalifye a, paran elèv la, oswa pèsònèl lekòl la ki gen otorizasyon.

Nan **relvenòt la** gen dosye administratif ki reprezante done minimòm ki nesèsè pou montre pwogrè edikasyonèl elèv la epi pou administre sistèm edikatif la. Done sa yo fèt pou limite a non, adrès ak nimewo telefòn elèv la ; dat fèt li, non, adrès ak nimewo telefòn paran oswa moun ki responsab la ; tit kou yo, nòt yo (oswa ekivalan yo lè nòt yo pa aplikab), kredi pou kou yo, nivo klas elèv la fin fè a, epi ane li fin fè klas la.

23.03: Koleksyon Done: Limitasyon ak Egzijans

Tout enfòmasyon ak done ki nan dosye elèv la oswa ki ajoute nan dosye elèv la dwe limite a enfòmasyon ki gen rapò ak bezwen edikasyonèl elèv la. Enfòmasyon ak done ki ajoute nan dosye tanporè a dwe gen non, siyati ak pozisyon moun ki sous enfòmasyon an, ansanm ak dat yo te ekri enfòmasyon an nan dosye a.

Rezilta gwoup egzamen estandardize yo ajoute nan dosye tanporè a dwe gen non egzamen an ak/oswa konpayi piblikasyon an, ak dat egzamen an sèlman ladan.

23.04: Dosye Pèsonèl Anplwaye Lekòl yo

Mo dosye elèv la pa vle di nòt, èdmemwa ak lòt enfòmasyon sanblab yo kenbe nan dosye pèsonèl anplwaye yon lekòl epi ki pa aksesib oswa ki pa devwale bay anplwaye lekòl la ki gen otorizasyon ni bay okenn tyès pèsòn. Yo ka pataje yon enfòmasyon konsa ak elèv, paran oswa yon ranplasan tanporè moun ki fè dosye a, men si yo revele li bay anplwaye lekòl la ki gen otorizasyon an, li vin fè pati dosye elèv la epi li vin depann de dispozisyon atik 603 CMR 23.00 a.

23.05: Entimite akSekirite Dosye Elèv yo

(1) Direktè lekòl la oswa moun li chwazi a dwe responsab pou entimite ak sekirite tout dosye elèv yo kenbe nan lekòl la.

(2) Sipèyentandan lekòl yo oswa moun li chwazi a dwe responsab entimite ak sekirite tout dosye elèv ki sou sipèvizyon yon direktè lekòl, pa egzanz, relvenòt yon ansyen elèv yo kenbe nan biwo administratif santral depatman lekòl la, oswa dosye timoun ki gen laj pou al lekòl epi ki gen bezwen espesyal epi ki pa enskri nan yon lekòl piblik.

(3) Direktè lekòl la oswa sipèyentandan lekòl yo dwe garanti yo kenbe dosye elèv ki sou sipèvizyon yo yon kote ki fizikman an sekirite, epi anplwaye lekòl la ki gen otorizasyon yo okouran dispozisyon atik 603 CMR 23.00 a ak atik M.G.L. c.71, § 34H epi yo gen fòmasyon sou enpòtans entimite ak konfidansyalite enfòmasyon an, epi nenpòt sistèm konpitè yo itilize gen sekirite elektwonik ladan.

23.06: Destriksyon Fosye Elèv yo

(1) Se depatman lekòl la ki dwe kenbe relvenòt elèv la epi yo ka detwi yo sèlman 60 an apre remiz diplòm elèv la, transfè, oswa apre elèv la te kite sistèm lekòl la.

(2) Pandan tout tan yon elèv enskri nan yon lekòl, direktè a oswa moun direktè a chwazi a dwe revize epi detwi enfòmasyon ki fo, ki demode, oswa ki pa gen rapò epi ki nan dosye tanporè a depi yo mete elèv ki kalifye a ak paran li okouran pa ekri epi yo ba yo yon opòtinite pou yo resevwa enfòmasyon an oswa yon kopi li anvan destriksyon an fèt. Yo dwe mete yon kopi yon avi konsa nan dosye tanporè a.

(3) Yo dwe detwi dosye tanporè nenpòt elèv ki enskri dat atik 603 CMR 23.00 vin ofisyèl la oswa apre sa, pa pi ta pase sèt an apre elèv la transfere, diplome, oswa soti nan sistèm lekòl la. Yo dwe voye avi pa ekri bay elèv ki kalifye a ak bay paran li pou fè yo konnen ki dat apeprè destriksyon dosye a ap fèt ansanm ak dwa yo genyen pou yo resevwa tout enfòmasyon an oswa yon pati nan enfòmasyon an lè transfè a, remiz diplòm nan, oswa kite lekòl la ap fèt la. Yo dwe voye yon avi konsa anplis lèt pou bay enfòmasyon woutin nan ki egzajib dapre atik 603 CMR23.10.

(4) Dapre atik M.G.L. c. 71 seksyon 87, yo dwe retire nòt yon elèv fè pou nenpòt gwoup egzamen pou entelijans yo bay yon elèv ki enskri nan yon lekòl piblik nan dosye elèv la nan fen ane lekòl yo te bay egzamen an.

23.07: Aksè nan Dosye Elèv yo

(1) **Jounal Aksè yo.** Yo dwe kenbe yon jounal kòm yon pati nan dosye chak elèv. Si gen kèk pati nan dosye elèv la ki yon kote apa, yo dwe kenbe yon jounal apa pou chak pati. Jounal la dwe monte tout moun ki te jwenn aksè nan dosye elèv la, epi li dwe gen : non, pozisyon ak siyati moun ki te bay enfòmasyon an ; non, pozisyon ak, si se yon tyès pèsòn, afilyasyon si genyen, moun ki dwe resevwa enfòmasyon an; dat

aksè a, pati nan dosye a moun nan te gen aksè a yomenm nan, epi objektif aksè a. Amwenke yo dwe efase oswa devwale enfòmasyon ki nan dosye elèv la, egzijans ki genyen sou jounal sa a pa dwe aplike pou:

- (a) Anplwaye lekòl la ki gen otorizasyon dapre 603 CMR 23.02(9)(a) epi ki egzaminen dosye elèv la;
- (b) anplwaye biwo administratif la ak anplwaye ki travay nan biwo a dapre atik 603 CMR 23.02(9)(b), epi ki ajoute enfòmasyon nan dosye elèv la oswa ki jwenn aksè nan dosye elèv la, epi.
- (c) enfimyè lekòl la yo ki egzaminen dosye lasante elèv la.

(2) **Aksè pou Elèv ki Kalifye ak pou Paran.** Elèv ki kalifye a ansanm ak paran an, tou depann de dispozisyon atik 603 CMR 23.07 (5), dwe gen aksè nan dosye elèv la. Yo dwe bay aksè touswit posib epi anvan dis jou pase apre premye demann lan, eksepte nan ka paran ki pa gen gad timoun nan menm jan atik 603 CMR 23.07 (5) prevwa a. Yon fwa demann pou aksè a fèt, tout dosye elèv la kèlkeswa kote kèk pati ladan li yo ye fizikman an, dwe disponib.

- (a) Yon fwa demann lan fèt, yo dwe bay elèv ki kalifye a oswa paran an kopi nenpòt enfòmasyon ki nan dosye elèv la. Yo ka chaje yon frè rezonab, ki pa dwe depase pri li koute pou repwodiksyon an. Men, yo pa ka chaje yon frè kote si yo ta fè li, sa ta efektivman anpeche paran an oswa elèv ki kalifye a egzèse dwa yo genyen, dapre lalwa federal, pou egzaminen ak revize dosye yo.
- (b) Nenpòt elèv, kèlkeswa laj la, dwe gen dwa dapre atik M.G.L. c. 71, seksyon 34A, pou li resevwa yon kopi relvenòt li.
- (c) Elèv ki kalifye a oswa paran an dwe gen dwa, si yo mande sa, pou yo rankontre anplwaye lekòl la ki kalifye pwofesyonèlman yo epi pou yo fè entèprete nenpòt kisa ki nan dosye elèv la.
- (d) Elèv ki kalifye a oswa paran an ka fè yon tyès pèsòn yo chwazi egzaminen oswa entèprete dosye elèv la. Tyès pèsòn sa a dwe prezante yon konsantman ekri byen presi, elèv ki kalifye a oswa paran an ba li anvan pou li gen aksè nan dosye elèv la.

(3) **Aksè pou Anplwaye Lekòl la ki gen Otorizasyon** Tou depann de atik 603 CMR 23.00, anplwaye lekòl la ki gen otorizasyon dwe gen aksè nan dosye elèv yo bay sèvis yo, lè aksè sa a egzijib pou pèfòmans travay ofisyèl yo. Li pa dwe nesesè pou gen konsantman elèv ki kalifye a oswa paran.

(4) **Aksè pou Tyès Pèsòn.** Eksepte pou dispozisyon atik 603 CMR 23.07(4)(a) jiska 23.07(4)(h), pa gen okenn tyès pèsòn ki ka gen aksè nan enfòmasyon ki nan dosye yon elèv oswa enfòmasyon ki soti nan dosye yon elèv san konsantman presi, enfòmè, ekri elèv ki kalifye a oswa paran an. Lè yo bay yon konsantman konsa, elèv ki kalifye a oswa paran an dwe gen dwa pou chwazi ki pati nan dosye elèv la yo dwe revele bay tyès pèsòn lan. Elèv ki kalifye a oswa paran li dwe kenbe yon kopi yon konsantman konsa epi yo dwe mete yon diplikata konsantman an nan dosye tanporè a. Eksepte pou enfòmasyon ki dekri nan atik 603 CMR 23.07(4)(a), yo pa dwe revele enfòmasyon ki nan dosye yon elèv ki idantifye elèv la pèsònèlman bay yon tyès pèsòn a kondisyon li pap pèmèt okenn lòt tyès pèsòn gen aksè nan enfòmasyon sa a san konsantman ekri elèv ki kalifye a oswa paran an.

- (a) Yon lekòl ka revele enfòmasyon sa yo li genyen nan repètwa li: non yon elèv, adrès, nimewo telefòn li genyen yo, dat ak kote elèv la te fèt, domèn elèv la te etidye, dat li te ale nan lekòl la, pwa ak wotè manm ekip atletik yo, klas, patisipasyon nan aktivite ki rekonèt ofisyèlman, ak espò, degre, onè ak pri ak plan elèv la apre lekòl segondè san konsantman elèv ki kalifye a oswa paran an, depi lekòl la bay avi piblik sou kalite enfòmasyon li ka revele yo dapre atik 603 CMR 23.07 la, epi li bay elèv ki kalifye yo ak paran yo yon tan rezonab apre avi sa a moun lan mande, pou yo pa

devwale enfòmasyon an san konsantman davans elèv ki kalifye a oswa paran an. Yo ka voye yon avi konsa ansanm ak lèt woutin pou bay enfòmasyon ki egzijib la dapre atik 603 CMR23.10.

(b) Yon fwa yo resevwa yon lòd tribinal oswa yon sitasyon pou parèt legalman nan tribinal, lekòl la oblije konfòme li pouvike lekòl la fè yon efò rezonab pou li mete paran an oswa elèv ki kalifye okouran lòd la oswa sitasyon an anvan li konfòme li ak lalwa a.

(c) Yon lekòl ka revele enfòmasyon sou yon elèv si li resevwa yon demann Depatman Sèvis Sosyal, yon ofisye pwobasyon, yon jij nan nenpòt tribinal, oswa Department of Youth Services (*Depatman Sèvis Jenn Moun*) dapre dispozisyon M.G.L. c. 119, seksyon 51B, 57, 69 ak 69A nan lòd sa a.

(d) Otorite edikasyon, ki travay pou gouvènman federal, eta a ak lokal yo, ansanm ak ajan yo ki gen otorizasyon, dwe gen aksè nan dosye elèv la lè li nesèsè pou verifikasyon, evalyasyon oswa fè obsève lalwa federal ak lalwa eta a sou edikasyon, oswa program yo, pouvike, eksepte lè lalwa otorize prezizeman koleksyon done ki idantifye moun pèsònèlman, yo pwoteje nenpòt done otorite sa yo kolekte pou moun ki pa otorite sa yo ak ajan yo ki gen otorizasyon pa ka idantifye elèv sa yo ak paran yo pèsònèlman; epi yo dwe detwi done ki idantifye moun pèsònèlman yo lè yo pa bezwen yo ankò pou verifikasyon, evalyasyon oswa pou fè obsève lalwa gouvènman federal la ak lalwa gouvènman eta a genyen sou edikasyon.

(e) Yon lekòl ka devwale enfòmasyon sou yon elèv bay pati apwopriye a si li gen rapò ak lasante oswa sekirite nan kadrijans si li nesèsè pou yo konn enfòmasyon sa a pou yo ka pwoteje lasante oswa sekirite elèv la oswa lòt moun yo. Sa vle di, men li pa limite nan, revele enfòmasyon bay depatman lapolis lokal la ak Depatman Sèvis Sosyal dapre dispozisyon aktik M.G.L. c. 71, seksyon 37L ak atik M.G.L. c. 119,, seksyon 51A.

(f) Yon fwa otorite ki fè obsève lalwa yo fin fè yo konnen yo rapòte gen yon elèv, ansyen elèv ki manke, yo dwe mete yon siy nan dosye elèv sa a. Lekòl la dwe rapòte nenpòt demann konsènan dosye timoun sa a bay otorite apwopriye ki fè obsève lalwa yo dapre dispozisyon atik M.G.L. c. 22A, seksyon 9.

(g) Anplwaye lekòl ki gen otorizasyon epi ki travay nan lekòl kote elèv la mande transfè a oswa nan lekòl kote elèv la gen entansyon transfere a ka gen aksè nan dosye elèv la san konsantman elèv ki kalifye a oswa paran an pouvike lekòl elèv la ap kite a, oswa deja kite a, bay yon avi ki fè konnen li voye dosye elèv la nan lekòl kote elèv la ap chèche enskri a oswa nan lekòl kote elèv la gen entansyon enskri a. Yo ka voye yon avi konsa ansanm ak lèt woutin pou bay enfòmasyon an epi ki egzijib dapre atik 603 CMR 23.10.

(h) Anplwaye ki fè sèvis lasante nan lekòl la ansanm ak anplwaye depatman lasante lokal la ak depatman lasante nan eta a dwe gen aksè nan dosye lasante elèv la, sa vle di li ka gen aksè menm nan dosye vaksinasyon elèv la, men li pa limite nan dosye sa a sèlman, si aksè sa a egzijb pou yo ka fè travay ofisyèl yo, san konsantman elèv ki kalifye a oswa paran.

(5) Pwosedi pou aksè pou paran ki pa gen gad elèv la. Menm jan atik M.G.L. c. 71 § 34H egzije a, yon paran ki pa gen gad elèv la ka gen aksè nan dosye elèv la dapre dispozisyon sa yo.

(a) Yon paran ki pa gen gad yon elèv kalifye pou li gen aksè nan dosye elèv la amwenke:

1. yo refize bay paran an gad legal elèv la poutèt yon menas sou sekirite elèv la oswa poutèt yon menas yo fè paran ki gen gad elèv la, oswa

2. yo refize bay paran an dwa pou li vizite elèv la oswa yo pase lòd pou vizit yo sipèvize, oswa
3. gen yon lòd tanporè oswa pèmanan pou pwoteksyon ki mete restriksyon nan aksè paran an genyen ak elèv la oswa ak paran ki gen gad elèv la, amwenke lòd pou pwoteksyon an (oswa nenpòt lòd ki te pase apre sa epi ki modifiye lòd pou pwoteksyon an) presizeman pèmèt aksè nan enfòmasyon ki nan dosye elèv la.

(b) pou paran ki pa gen gad elèv la jwenn aksè, li dwe prezante yon demann alekri pou dosye elèv la bay direktè lekòl la chak ane. Premye demann lan dwe gen enfòmasyon sa yo ladan li:

1. yon kopi sètifye lòd oswa jijman tribinal la ki gen rapò ak gad elèv la epi ki fè konnen swa paran kap fè demann lan kalifye pou li jwenn aksè menm jan yo di nan atik 603 CMR 23.07 (5) (a), oswa yon kopi sètifye yon lòd tribinal ki presizeman pase lòd pou dosye elèv la disponib pou paran ki pa gen gad la, epi
2. yon afidavit paran ki pa gen gad elèv la epi ki fè konnen lòd oswa jijman tribinal la rete ofisyèl epi pa gen okenn lòd tanporè oswa pèmanan ki mete restriksyon nan aksè a paran ki gen gad la oswa nenpòt timoun ki sou kontwòl paran ki gen gad la.

(c) Paran ki pa gen gad la dwe depoze yon demann alekri pou aksè chak ane epi demann lan dwe fè konnen paran an kontinye gen dwa pou li gen vizit san sipèvizyon ak elèv la epi li kalifye pou li jwenn aksè menm jan yo di nan atik 603 CMR 23.07 (5) (a) la.

(d) Yon fwa yo resevwa demann lan (premye demann lan ak demann chak ane a), lekòl la dwe voye yon avi pa lèt sètifye epi premye klas bay paran ki gen gad elèv la imedyatman, ann angle ak nan lang matènèl paran ki gen gad elèv la, pou fè li konnen li pral bay paran ki pa gen gad elèv la aksè apre 21 jou, amwenke paran ki gen gad elèv la bay direktè lekòl la papyè ki fè li konnen paran ki pa gen gad elèv la pa kalifye pou li gen aksè menm jan yo di nan atik 603 CMR 23.07 (5) (a) la.

(e) Lekòl la dwe efase adrès ak nimewo telefòn elèv la ak paran ki gen gad elèv la nan dosye lekòl la bay paran ki pa gen gad elèv la. Anplis, yo dwe ekri yon avi sou dosye sa yo pou fè konnen yo pa dwe itilize dosye a pou enskri elèv la nan yon lòt lekòl.

(f) Yon fwa yo resevwa yon lòd tribinal ki entèdi distribisyon enfòmasyon dapre atik G.L.c. 71 §34H, lekòl la dwe fè paran ki pa gen gad elèv la konnen li dwe sispann bay paran ki pa gen gad la aksè nan dosye elèv la.

23.08: Kouman pou fè Modifikasyon nan Dosye Elèv la

(1) Elèv ki kalifye a oswa paran an dwe gen dwa pou li ajoute enfòmasyon, kòmantè, done, oswa nenpòt lòt materyèl ekri ki gen rapò ak elèv la nan dosye elèv la.

(2) Elèv ki kalifye a oswa paran an dwe gen dwa pou li mande alekri pou yo efase oswa modifiye nenpòt enfòmasyon ki nan dosye elèv la, eksepte pou enfòmasyon yon Ekip Evalyasyon mete nan dosye sa a. Enfòmasyon Ekip Evalyasyon an mete nan dosye a pa dwe depann de yon demann konsa toutotan yo pa aksepte Plan Edikasyonèl Ekip Evalyasyon an, oswa, si yo rejte Plan Edikasyonèl Ekip Evalyasyon an, apre pwosesis pou apèl pou edikasyon espesyal la fin fèt nèt. Nenpòt ki enfòmasyon yo efase oswa modifiye dwe fèt dapre pwosedi ki dekri nan paragraf ki pi ba la a:

(a) Si elèv sa a oswa paran an panse si yo ajoute enfòmasyon li pa sifi pou esplike, klarifye oswa korige materyèl ki chokan nan dosye elèv la, swa elèv la oswa paran an dwe prezante objeksyon yo pa ekri epi/oswa yo dwe gen dwa pou yo fè yon konferans ak direktè lekòl la oswa moun li chwazi a pou pou yo konnen objeksyon yo genyen yo.

(b) Direktè lekòl la oswa moun li chwazi a dwe bay elèv la oswa paran an yon desizyon alekri, ki di rezon ki genyen an oswa rezon ki genyen yo pou desizyon an, anvan yon semenn pase apre konferans lan fin fèt oswa apre li fin resevwa objeksyon an, si yo pat mande okenn konferans. Si desizyon an an favè elèv la oswa paran an, direktè lekòl la oswa moun li chwazi a dwe pran mezi, si li nesèsè, pou mete desizyon an ann aplikasyon byen vit.

23.09: Apèl yo

(1) Si nenpòt desizyon yon direktè lekòl oswa moun li chwazi a ta pran konsènan nenpòt nan dispozisyon ki genyen nan atik 603 CMR 23.00 pa satisfè elèv ki kalifye a oswa paran an totalman oswa an pati, yo dwe gen dwa pou yo ale nan apèl devan sipèyantandan lekòl yo. Demann pou apèl la dwe fè alekri devan sipèyantandan lekòl yo.

(2) Sipèyantandan lekòl yo oswa moun li chwazi a dwe revize kesyon ki prezante yo epi bay moun ki mande apèl la yon desizyon alekri, ki fè konnen rezon ki fè yo pran desizyon an, anvan de (2) semenn (pi plis tan toujou si moun kap fè apèl la mande yon delè) apre yo fin fè li konnen gen apèl kap fèt la . Si desizyon an an favè moun kap mande apèl, sipèyantandan lekòl yo oswa moun li chwazi a dwe pran mezi, si li nesèsè, pou mete desizyon an ann aplikasyon byen vit.

(3) Si desizyon sipèyantandan lekòl yo oswa moun li chwazi a pa satisfè moun ki mande apèl la totalman oswa an pati, moun ki mande apèl la dwe gen dwa pou li mande yon apèl devan komite lekòl la. Demann pou apèl la dwe fèt alekri devan direktè komite lekòl la.

(4) Komite lekòl la dwe fè yon chitatande rezonab pou deside kesyon moun ki mande apèl la prezante yo anvan kat semenn (pi plis tan si moun ki mande apèl mande yon delè) pase apre yo te fè li konnen gen apèl kap fèt.

(a) Otorite lekòl la yo dwe gen responsablite pou yo bay prèv sou kesyon moun ki mande apèl la prezante yo.

(b) Moun ki mande apèl la dwe gen dwa pou li gen yon moun li chwazi epi ki defann dwa moun reprezante li, pou li kesyonnen temwen yo, pou li prezante prèv, pou li fè anrejistreman sou tep oswa lòt kalite anrejistreman sou pwosedi yo, epi pou li resevwa yon desizyon alekri anvan de (2) semenn pase apre chitatande a fin fèt la.

(c) Si apèl la gen pou wè ak deklarasyon yon anplwaye komite lekòl la fè, moun lan dwe gen dwa pou li prezan epi pou li gen yon moun li chwazi pou defann dwa li.

(5) Pa gen anyen nan atik 603 CMR 23.00 ki dwe retire sou dwa yon elèv genyen oswa limite okenn dwa yon elèv ki kalifye oswa yon paran genyen pou yo chèche fè mete atik 603 CMR 23.00 oswa lalwa sou dosye elèv yo ann aplikasyon, nan nenpòt tribinal oswa ajans administratif ki gen otorite konpetan.

23.10: Avi

(1) Omwen yon fwa pandan chak ane lekòl, lekòl la dwe pibliye epi distribye bay elèv yo ak paran yo nan lang matènèl yo yon lèt ki gen enfòmasyon woutin pou fè yo konnen enfòmasyon sa yo:

(a) Yo dwe fè pwogram egzamen estandadize yo ak etid pou rechèch yo pandan ane a epi yo dwe kolete oswa pran la lòt enfòmasyon woutin nan men elèv pandan ane a.

(b) Dispozisyon jeneral ki gen nan atik 603 CMR 23.00 konsènan dwa paran yo ak elèv yo, epi kopi atik 603 CMR 23.00 disponib pou yo nan lekòl la.

(2) Nan sistèm lekòl sa yo, yo egzije pou fè yon pwogram bileng dapre atik M.G.L. c 71A la, tout fòm règleman oswa lòt dokiman konsènan atik 603 CMR 23.00, yon paran resevwa yo oswa ki egzib pou paran resevwa yo, dwe nan lang yo pale lakay elèv la, pouvike se yon lang yo egzije sistèm lekòl la pou li fè yon pwogram bileng ladan.

23.11: Siveyans

Depatman Edikasyon ka, dapre yon demann yon elèv ki kalifye oswa yon paran fè oswa dapre pwòp inisyativ pa li, fè revizyon pou li ka garanti li obsève dispozisyon atik 603 CMR 23.00 yo. Komite lekòl la ansanm ak lekòl espesifik ki patisipe yo dwe kolabore konplètman nan revizyon sa a.

23.12: Paragraf sou Separasyon

Yo ka separe dispozisyon ki gen nan 603 CMR 23.00 yo, epi si, apre yon revizyon jidisyè, ta gen nenpòt seksyon yo ta jwenn ki depase otorite Ministè Edikasyon Eta a, rès seksyon yo pa dwe afekte.